O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI
XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

AJINIYAZ ATINDAGI
NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

TA’BİYATTANIW HA`M GEOGRAFİYa FAKUL`TETİ

ZOOLOGIYA KAFEDRASI

5140400 –Biologiya ta`lim bag`darı
4 a kurs talabası Kadirniyazova Aqsungu’l Maratovna

# PITKERIW QA’NIGELIK JUMISI

## ZAMANAGO`Y TA`LIM-TA`RBIYA PROTSESSINDE MEKTEPLERDE BIOLOGIYANI OQITIWDIN` JEKE HA`M ARNAWLI METODIKALARI

İlimiy basshı: b.i.k. Atanazarov

Kafedra baslig’i: b.i.k. Atanazarov

NO’KIS – 2014

## Mazmuni


**KİRİSİW……………………………………………………………………** **3-4**

**1.1.** Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya tuwralı ulıwma tu`sinikler……… **5-9**

1.2. U`ziliksiz biologiyalıq ta`limde ta`lim-ta`rbiya orni…………. **10-24**

II. Metodika ha`m usıllar…………………………………………….. **25-30**

**III. TİYKARG`I BO`LİM**

2.bap. Mekteplerde biologiya pa`ni tarawlari ha`m ta`lim-ta`rbiyanı qa`liplestiriwde o`zine ta`n o`zgeshelikleri…………………….... **31-40**

3 bap. Biologiyalıq sananın` qa`liplesiwinde psixologiyalıq o`zgeshelikler………………………………………………… **41-43**

4 bap. Mekteplerde biologiyani oqitiwda interaktiv metodlardi qollaniw boyinsha usinislar……………………………………... **44-57**

**JUWMAQLAW……………………………………………………….. 58-59**

**O`MIR QA`WIPSIZLIGI……………………………………................ 60-65**

**PAYDALANILG`AN A`DEBİYATLAR………………………………… 66**

# KIRISIW

**Jumistin' aktualligi.** Prezidentimiz İ.A.Karimovtın` 2008-jılı «Yuksak ma`naviyat engilmas kush» degen miynetinde jaslardı joqarı ruwxıylıqqa iye barkamal a`wlad etip ta`rbiyalaw jolları tuwralı bahalı pikirler keltirgen. Jaslardı joqarı ruwqıylıqta ta`rbiyalawda gennin` roli ha`m gennin` o`zgeriwine ta`sir etiwshi faktorlar, onın` zıyanlı ta`sirlerinen saqlanıw ilajları tuwralı jaslarda tu`sinikli, bilimdi qa`liplestiriw en` a`hmiyetli ma`selelerdin` biri bolıp esaplanadı.

Bunda Prezidentimiz basshılıg`ında ha`m tikkeley initsiativasında o`zbek ta`lim modeli a`hmiyeti og`ada ullı.

A`sirese «Ta`lim haqqında» g`ı Nızam, du`n`ya juzi ta`jiriybesinde ta`n alınıp atırg`an Kadrlar tayalawdın` milliy da`stu`ri qabıl etilip, buga`n tiykarlanıp hazirgi zaman g`a say bu`gingi ku`ni «Bilim – barlıq o`mir dawamında ha`mme ushın» talaplarına juwap beretug`ın uziliksiz bilim beriw mexanizmi jolg`a qoyılg`an.

O`z gezeginde bunday jan`alanıwlar joqarg`ı bilim beriw ta`lim sistemasında ham o`z sapasın tappaqta. Ha`zirgi ku`nge kelip JOO sanı artıp 59 bolıp bul ta`lim orınlarında 230 mın`nan atrıq talabalar bilim alıp atır.

Sonday-aq elimizde JOO ko`rkemlenip, aldag`a axborot-kommunikatsiya ha`m pedagogikalıq texnologiyalar menen jetilistirilip olardın` materiallıq texnikalıq bazalar bekkemlenbekte, olarda islep atırg`an professor-oqıtıwshılardın` qa`niygelerinin` jetik o`z betinshe pikir ju`rgeze alatug`ın jaslardı ta`rbiylaw ha`m bilim beriwde salmaqlı u`les qosıp kelmekte.

Bulardın` barlıg`ı Tashkent qalasında usı jıldın` 16-17 fevral` ku`nleri o`tkerilgen «Joqarı bilimli ha`m intellektual rawajlang`an a`wladtı ta`rbiyalaw - ma`mleketti turaqlı rawajlandırıw ha`m modernizatsiyalawdın` en` a`hmiyetli sha`rti atamasında Xalqaralıq konferentsiya miymanları jetekshi qa`niygeler, ekspertler ha`m pedagogları ta`repinen ılayıqlı bahalandı.

Solay etip usı da`wirge shekem ta`lim tarawındag`ı alıng`an na`tiyjelerimiz du`n`yanın` ken` ja`ma`a`tshiligi ta`repinen ta`n alındı

Bul global jag`dayında iri esaplang`an ushırasıw qatnasıwshıları bir qatar oqıw orınlarında bolıp o`z ko`zleri menen ol jerdegi oqıw orınları, oqıw protsessleri menen jaqınnan tanısıp shıqtı.

Olar ta`rpinen respublikamızdag`ı joqarı oqıw orınları ja`ma`a`ti jumısları menen xazirgi zaman intellektual integratsiyalaw protsesslerinin` izbe-iz jolg`a qoyılg`anı ha`m talap ay alıp barılıp atırg`anlıg`ına joqarı baha berildi.

Sonın` ushında bul ma`mleketimizde jas awladtı ha`r ta`repleme jetik ta`lim-ta`rbiyalaw ushın barlıq jetik ilimiy tiykarlang`an usıllardan paydalanıw olardı qollanıw barlıq sha`rt shararayatlar, qolaylıqlar jaratılıw og`ada a`hmiyetli ma`selelerden biri esaplanadı.

**Pitkeriw qaniygelik jumısının` maqseti:** Zamanago`y ta`lim ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyanı oqıtıwdın` jeke ha`m arnawlı metodikaların u`yreniw ha`m olardı orta arnawlı oqıw orınlarında qollana biliw.

Bul qoyılg`an maqsetten kelip shıg`ıp tomendegi wazıypalarıdı sheshiwdi lazım taptıq:

- Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya tuwralı ulıwma tu`sinikler;
- U`ziliksiz biologiyalıq ta`limde ta`lim-ta`rbiya haqqında;
- Okıtıwshılarda biologiyalıq ta`lim-ta`rbiyanı qa`liplestiriwdin` o`zine ta`n o`zgesheliklerin u`yreniw;
- Biologiyalıq sananın` qa`liplesiwinde psixologiyalıq o`zgeshelikler;
- Orta arnawlı mekteplerde biologiyanı oqıtıwdın` jeke ha`m arnawlı metodikaların qollana biliw;
- Mekteplerde biologiyani oqitiwda interaktiv metodlardi qololaniw boyinsha usinislar beriwden ibarat.

Bul pitkerkeriw qaniygelik jumısı temasına baylanıslı 3 maqala baspadan shıg`arıldı.

## 1.1. ZAMANAGO`Y TA`LIM-TA`RBIYA TUWRALI ULIWMA TU`SINIKLER

O`zbekstan Respublikasının` g`a`rezsizlikke erisiwi pu`tkil du`n`ya ja`miyetine ko`z tutıw, umtılıw rawajlang`an ma`mleketler menen ekonomikalıq ma`deniy ag`artıw-shılıq diplomatik baylanıslardın` jolg`a qoyılıwı barlıq tarawlar sıyaqlı dizi-min reformalastırıwdı talap etedi.

Sol sebepli O`zbekstan Respublikasının` «Ta`lim tuwralı» Nızamda ta`lim ma`mleketimizdin` sotsiallıq rawajlanıw tarawında za`ru`r bag`dar dep ja`riyalang`an.

Usı hu`jjette ma`mleketimizdin` ta`lim tarawındag`ı ma`mleketlik siyasatının` tiykarg`ı printsipleri etip, to`mendegiler atap o`tilgen:

-ta`lim ha`m ta`rbiyanın` insanıylıq, demokratiyalıq xarakterde ekenligi;

-ta`limnin` u`zliksizligi ha`m izbe-izligi;

-ta`lim diziminin` du`nyalıq xarakterde ekenligi;

-ma`mleketlik ta`lim standartları a`tirapında ta`lim alıwdın` ha`mme ushın anıqlıg`ı;

-ta`lim da`stu`rlerin tan`lawg`a jeke ha`m gruppalastırılg`an;

-bilimli bolıw ha`m talaptı xoshametlew;

-ta`lim dizimde ma`mleket ha`m ja`ma`a`t basqarıwın birlestiredi.

Ma`mleketimizdin` ta`lim tarawındag`ı ma`mleketlik siyasatının` tiykarg`ı prin-tsipleri u`zliksiz ra`wishte, u`zliksiz ta`lim diziminin` jumıs alıp barıw printsiplerine tikkeley ta`sir ko`rsetedi ha`m olarda talap etedi.

O`zbekstan Respublikası Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`rine ta`lim dizimin tu`pten jan`artıw zaman talapları tiykarında qayta qurıw, u`zliksiz ta`lim diziminin` tu`rleri, ta`lim orınları aldındag`ı wazıypalar, kadrlar tayarlaw milliy modelin a`meliyatqa engiziw ma`seleleri menen bir qatarda u`zliksiz ta`lim diziminin` to`mendegi iskerligin ko`rsetiw printsipleri atap o`tilgen.

Ta`limnin` da`stu`rligi ta`lim-ta`rbiya protsessin na`tiyjeli sho`lkemlestiriliwi ha`m rawajlandırılıwı ja`miyetimizdegi en` jaqsı bag`dar bolıp esaplanadı. Ta`limnin` joqarı bolıwı ruwxıylıq bilimli aqıllı qa`liplesiwine tiykar saladı.

Ta`limnin` demokratiyalasıwı - ta`lim ha`m ta`rbiya usılların tan`lawda, ta`lim-ta`rbiya protsessin sho`lkemlestiriw ha`m basqarıwda ustaz ha`m bilim alıwshılıq birgelikte islesiwine tiykarlanadı.

Ta`limnin` gummanitarlasıwı insan qa`biletlerinin` tolıq ashılıwı ha`m bilim alıwg`a bolg`an mu`ta`jliklerin qandırılıwı, milliy ha`m ulıwma insanıylıq qa`diriyatlar joqarı bolıwı ta`miyinleniwi, insan ja`miyet ha`m sırtqı ortalıqtın` o`z-ara mu`na`siybetlerin birlestiriwin tiykarlanadı (Rasulov, Omonov, 1984; G`ofurov, Tolipova, 1992; Sayidaxmedov, 2005).

Ta`limnin` sotsiallasıwı ta`lim alıwshılarda sıpalı intizam, insanıylıq, qa`dir-qımmat, sezimi joqarı, sotsiallıq normalarg`a tiykarlang`an minez-qulqı, estetikalıq jaqtan bay du`n`yag`a ko`z-qaras, logikalıq, tvorchestvolıq pikirlewdi payda etiw na`zerde tutılg`an.

Ta`limnin` milliy bag`darlamasının` ta`limnin` milliy tariyxımız, xalıq traditsiyaları ha`m u`rip-a`detleri menen tikkeley birligi, O`zbekstan xalıqlarının` ma`deniyatın saqlap qalıw ha`m bayıtıw, ta`limdi milliy rawajlanıwdın` ju`da` a`hmiyetli printsipi sırtında ko`rsetiliwi basqa xalıqlardın` tariyxı ha`m ma`deniyatın hu`rmetlewdi ta`miyinleydi.

Ta`lim ha`m ta`rbiyanın` tıg`ız baylanıslıg`ı ha`r ta`repleme ka`mil tapqan insandı qa`liplestiriwdi na`zerde tutadı.

Ziyrek jaslardı anıqlaw, ta`lim protsessin differentsiyallastırıw ha`m individuallastırıw, ziyrek jaslarg`a ta`limnin` en` joqarı da`rejesinde izbe-izli ra`wishte fundamental ha`m arnawlı bilim alıwları ushın jag`daylar jaratıwdı ko`zde tutadı (Barotov, 1991; Xolmurodov, 2000; Ergashev, 2005).

Respublikamızda alıp barılatug`ın ta`lim tarawındag`ı reformalardın` jetiskenligi u`zliksiz ta`lim diziminin` barlıq tu`rlerinde ta`lim-ta`rbiya protsessi sho`lkemlestiretug`ın oqıtıw printsipleri ta`lim tarawındag`ı ma`mleket siyasatının` tiykarg`ı printsipleri ha`m u`zliksiz ta`lim diziminin` jumıs alıp barıw prin-

tsiplerine qanshelli say keliwi ha`m olardı a`meliyatqa` engiziwge jiberilgenligine bay-lanıslı oqıtıw printsipleri onın` diziminin` du`zilisi, mazmunı nızamları ha`m nızamlılıqları haqqındag`ı, sonday-aq, xızmetin sho`lkemlestiretug`ın a`meliyatta basqarıwda ko`rsetetug`ın bilimler toplamı bolıp esaplanadı.

Respublikamızdag`ı sotsallıq ekonomikalıq ruwxıy ag`artıwshılıq o`zgerisler biologiyalıq ta`lim protsessinde ilimiylik, sistemalıq fundamentallıq, izbe-izlik, ko`rgizbelilik sapalılıq g`a`rezsizlik, sotsiallıq, ekonomikalıq rawajlanıwdın` metodologiyalıq printsipi teoriyanı a`meliyat penen baylanıstırıw, na`tiyjelilik tu`siniklilik, logikalıq izbe-izlik, tıg`ızlıg`ı ta`limdi differentsiallastırıw ha`m individuallastırıw, jeke ha`m toparlardı oqıtıwdı uyımlastırıw, oqıtıw maqseti, mazmunı quralları ha`m formalarının` sotsiallıq ortalıqqa baylanıslılıg`ı, oqıtıw maqseti, quralları ha`m na`tiyjelerdin` birligi, bahalaw ha`m o`z-o`zin bahalaw printsipi menen bir qatarda ta`limdi demokratlastırıw ha`m gummanitarlastırıw sıyaqlı printsiplerge de a`mel qılıwdın` za`ru`rliligin ko`rsetedi.

Ta`limdi differentsiallastırıw ha`m individuallastırıw bolsa, oqıtıw protsessinde individual ha`m gruppalı qatnasıw printsipin talap etedi.

Ta`limnin` sho`lkemlestiriw ha`m rawajlandırıw printsipleri ha`mde oqıtıw printsipleri ortasındag`ı baylanıs.

1-keste

| № | Ta`lim tarawındag`ı ma`mleket siyasatının` tiykarg`ı printsipleri | U`zliksiz ta`limdi sho`lkemlestiriw ha`m rawajlandırıw printsipleri | Oqıtıw printsipleri |
|---|---|---|---|
| 1. | Ta`lim-ta`rbiyanın` gummanitar de-mokratiyalıq xarakterde eken-ligi | Ta`limnin` demokra-tiyalasıwı ta`limnin` gummanitarlasıwı | Ta`lim protsessii demo-kratiyalastırıw gumm-manitarlastırıw |
| 2. | Ta`limnin` u`zliksizligi izbe-izligi | Ta`limnin` sotsial-lasıwı | İlimiylik sistemalılıq, fundamentallıq ko`rgizbelilik,na`tiyjelilik, |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | tu`siniklilik, sanalılıq |
| 3. | Ta`lim diziminin` du`n`yaviy xa-rakterliligi | Milliy bag`dar-lang`anlıg`ı | G`a`rezsizlik teoriya menen a`meliyattın` bir-ligi logikalıq izbe-izlik, |
| 4. | Ta`lim da`stu`ri tan`lawg`a jalg`ız ha`m gruppalastırılg`an qatnas | ta`lim ha`m ta`r-biyanın` tıg`ız bay-lanıslılıg`ı. Ziyrek jaslardı anıq-law | Ja`miyetlik-ekonomika-lıq rawajlanıwdın` me-todologiyalıq printsipi ta`limdi differentsiya-lastırıw ha`m indii-viduallastırıw, individual ha`m toparlardı oqıtıwda birlestiriw |
| 5. | Bilimli bolıwdı talantlı xoshametlew | Olarg`a ta`limnin` en` joqarı da`rejesinde izbe-iz tu`rde fundamental ha`m arnawlı bilim alıwları ushın jag`day jaratıw | Oqıtıw maqseti, mazmunı, quralları ha`m formalarının` sotsiallıq ortalıqqa baylanıslılıg`ı, oqıtıw maqseti qualları ha`m na`tyjelerdin` birligi, bahalaw ha`m o`z-ara bahalaw printsipi |

Oqıtıw printsipleri negizinde oqıtıw nızamları ha`m nızamlıqları jatadı. Oqıtıw nızamları ha`m nızamlıqları oqıtıw printsiplerinin` teoriya-tiykarların islep shıg`ıwg`a ha`m pedagogikalıq jumıs alıp barıw a`meliyatın qollawg`a jag`day tuwg`ızadı.

Sonı aytıp o`tiw kerek, oqıtıw nızamları ha`m nızamlıqları u`zliksiz ta`lim diziminin` aldına qoyılg`an ma`mleket buyırtpaları ja`miyettin` sotsiallıq turmısındag`ı ruwxıy ag`artıwshılıq o`zgerisler, ta`lim-ta`rbiya protsessinin` maqseti ha`m wazıypları, pan`nin` rawajlanıw da`rejesine tikkeley baylanıslı halda o`zgerip jan`alanıp turadı.

Oqıtıw printsipleri a`weli belgili bir ma`mlekettin` ta`lim tarawındag`ı ma`mleket siyasatının` tiykarg`ı printsipleri u`zliksiz ta`lim diziminin` iskerligin ko`rsetiw printsipleri son` ta`lim diziminin` aldındag`ı buyırtpalarının` say keliwi, sonday-aq ja`miyette payda bolatug`ın sotsiallıq ekonomikalıq, siyasiy, huqıqıy, ruwxıy ag`artıwshılıq o`zgerislerdi o`zinde sa`wlelendiriw jan`alanıp o`zgerip rawajlanıp o`zgeshe a`hmiyet ko`rsetetug`ın protsess.

Oqıtıw printsipleri bologiyanı oqıtıwdın` maqseti ha`m wazıypalarına baylanıslı hawa ta`lim-ta`rbiya protsessinin` bag`darı ha`m pedagogikalıq iskerliginin` mazmunın belgileydi (Sayidaxmedov, 2005).

Oqıtıw printsipi-didaktikalıq kategoriya bolıp, ol ta`lim-ta`rbiya protsessinin` maqseti ha`m wazıypalarına baylanıslı halda oqıtıw nızamları ha`m nızamlıqlarının` a`meliyatqa qollanıw usılın belgileydi.

Eger oqıtıw printsipleri oqıtıwshı ha`m bilim alıwshılardın` birgelikte oqıtıw maqsetlerine erisiw bag`darın belgilese, oqıtıw nızamları pedagogikalıq protsesstin` xarakterin o`zinde sa`wlelendiredi.

Barlıq tarawlardı nızamlardın` maqseti ha`m keleshektegi go`zlengen na`tiyjesi bolg`anı sıyaqlı oqıtıw nızamları da metodika pa`ninin` logikalıq sostav bo`limi sanalıp, pedagogikalıq protsesstin` ob`ektiv, sırtqı ishki anıq ha`m anıq emes baylanısların sa`wlelendirip ta`lim-ta`rbiya protsessinin` mazmunı, metodları quralları ha`m formalarının` tikkeleyligi usı protsesstin` ilimiy tiykarda sho`lkemlestiriw ha`m basqarılıwı, alınajaq na`tiyjeler ha`m na`tiyjelilikti arttırıw jolların belgileydi (Barotov, 1991).

## 1.2. U`ZILIKSIZ BIOLOGIYALIQ TA`LIMDE TA`LIM-TA`RBIYA ORNI

Respublikamızda ta`lim protsessin reformalastırıw ha`m u`zliksiz ta`lim-dizimin en`giziwdin` ilimiy teoriyalıq tiykarı sanalg`an. Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`rinin` ta`lim tarawın tu`pten o`zgerttiriw, onı o`tmishten qalg`an g`a`rezsiz ko`z-qaraslar ha`m eski qaldıqlardan qutqarıw, rawajlang`an demokratiyalıq ma`mleketler da`rejesine, joqarı da`rejede, ruwxıylıq morallıq pedagogikalıq talaplarg`a jawap beriwshi joqarı ta`jiriybeli kadrlar tayarlaw Milliy dizimin jaratıw sıyaqlı maqsetin a`melge asırıw jolında, sonday-aq, u`zliksiz ta`lim dizimi alıwdag`ı ma`mleketlik ha`m sotsiallıq buyırtpaları, oqıtıw printsipleri esapqa alıng`an halda biologiyanı oqıtıwda to`mendegi oqıtıw nızamlılıqların pedagogikalıq a`meliyatqa qollaw maqseti muwapıq dep tabıldı.

Oqıtıw maqseti mazmunı, quralları ha`m formalarının` sotsiallıq ortalıqqa baylanıslı nızamlıqları bar. Bular usı nızamlıq ta`lim-ta`rbiya protsessinin` sostavlıq bo`limlerin tan`law ha`m qa`liplestiriwde ja`miyettegi ja`miyetlik ekonomikalıq ruwxıy ag`artıwshılıq o`zgerisler sotsiallıq mu`na`sebetlerdin` ta`sirin o`zinde sa`wlelendiredi.

Usı ta`lim-ta`rbiya alıwshılardı joqarı ruwxıylıq ha`m teoriyalıq pikirlewdi qa`liplestiriwge mu`mkinshilik beredi. Keyingi jıllarda joqarıda aytıp o`tilgen pikirler, oqıtıw maqseti ha`m wazıypaları esapqa alıng`an halda biologiyalıq ta`lim mazmunı jan`alandı, ta`lim dizimi ja`miyette a`melge asırılıp atırg`an jan`alanıw, rawajlang`an demokratiyalıq huqıqıy ma`leketlik qurılısı protsesslerine beymlesti. Oqıw pa`n`leri boyınsha ma`mleketlik ta`lim standartları, oqıw da`stu`rleri sabaqlıqlar ha`m oqıw metodikalıq qollanbalardın` jan`a a`wladı jaratıldı. Kadrlar tayarlaw da`stu`rinde oqıw protsessin joqarı pedagogikalıq texnologiyalar menen ta`miyinlew muqım wazıypalardan biri etip belgilengen. Sonı na`zerde tutqan halda biologiyanı oqıtıwda pedagogikalıq ha`m axborot texnologiyalarınan paydalanıw jolları islep shıg`ılıwı kerek.

Ta`rbiyalawshı ha`m rawajlanlırıwshı ta`lim nızamlılıg`ı shaxstın` bilim alıw protsessi, bilim iskerlik usılların o`zlestiriwdi, onın` rawajlanıwına ha`m shaxsıy sıpatlarının` qa`liplesiwine tiykarlanadı. Usı nızam ha`r ta`repleme jetilisken insandı qa`liplestiriwge mu`mkinshilik beredi. Kadrlar tayarlawdın` milliy modulinde shaxs muqım orın tutadı ha`m u`zliksiz ta`lim dizimi arqalı ha`r ta`repleme barkamal shaxs puqaranı qa`liplestiriw na`zerde tutıladı. Oqıtıwshı biologiyanı oqıtqanda ta`lim ta`rbiyanın` birligin ta`miyinleydi. U`yrenilip atırg`an tema mazmunına baylanıslı halda oqıwshılardın` ruwxıy morallıq, watandı su`yiwshilik, ekologiyalıq estetikalıq, ekonomikalıq huqıqıy fizikalıq jınıslıq miynet ha`m internatsonal ta`rbiyasın a`melge asırıw kerek (Rasulov, Omonov, 1984; G`ofurov, Tolipova, 1992).

Ta`lim-ta`rbiya protsessinin` bilim alıwshılardın` iskerligi xarakterine baylanıslı nızam. Ta`lim-ta`rbiya protsessi sho`lkemlestiriw usılı ha`m alınatug`ın na`tiyje, pedagogikalıq basqarıw ha`m bilim alıwshılardın` iskerligin arttırıw ortasındag`ı tıg`ız baylanıstı sa`wlelendiredi.

Usı nızam Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`ri talapları tiykarında ta`lim ta`rbiya protsessine aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw usının` tiykarında zamanago`y oqıw-metodikalıq usılı mazmunların jaratıw ha`m oqıw-ta`rbiya protsessin didak tikalıq jaqtan ta`miyinlewdi oqıwshılardın` qa`biletlerin ha`m mu`mkinshiligine muwapıq tu`rde ta`limge gruppalastırılg`an qatnastı engiziw oqıwshılardı o`z oqıw-biliw iskerligin haqıyqıy sub`ektke aylandırıwdı ko`zde tutadı. Biologiyanı oqıtıwda oqıtıwshı oqıwshılardın` biliw iskerligin aktivlestiretug`ın texnologiyalar sol sebepten didaktikalıq oyın mashqalalı modulli ta`lim birgelikte oqıtıw, rejelestiriw axborot texnologiyalarınan paydalang`an halda na`tiyjelilikti asırıwg`a erisiw kerek.

Oqıw iskerlik individuallastırıw ha`m toparlı oqıtıwdı sho`lkemlestiriw birligi ha`m o`z-ara baylanıslılıg`ı nızamı. Oqıtıw protsessinin` maqseti ha`m wazıypasına muwapıq bilim alıwshılardın` barlıg`ı sol sebepten ha`r bir shaxstın` bilim alıwg`a bolg`an mu`ta`jligin orınlaw qızıg`ıwdı arttırıwı tiykarlanadı. Bul nızam

biologiyanı oqıtıw protsessin tiykarında talantlı jaslardı anıqlaw, olardın` mu`ta`jligi ha`m qızıg`ıwına jarasa bilim alıwlarına mu`mkinshilik jaratadı.

Sonday-aq biologiyanı oqıtıwda, oqıtıwdı individuallastırıw ha`m differentsiyallastırıw, shaxsqa bag`darlang`an texnologiyalarda qollaw za`ru`rligin keltirip shıg`aradı. Oqıtıwda teoriya ha`m a`meliyattın` birligi ha`m tıg`ız baylanıslılıg`ın nızamı bilim alıwshılardın` oqıtıw protsessinde bilimler, tu`sinikler, ideyalar teoriyalardı sanalı ha`m bekkem o`zlestiriwge erisiw, olardı a`meliyatta qollaw ko`nlikpelerin qa`liplestiriwge tiykarlanadı. Usı nızam ilim texnika, islep shıg`arıw ha`m a`meliy ta`jiriybelerdin` oqıw protsessi menen integratsiyasın a`melge asırıwı mu`mkinshilik beredi. Usı nızam Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`rinin` joqarı ulıwma ha`m ka`sip-o`ner ma`deniyatına tvorchestvalıq ha`m sotsiallıq siyasiy o`mirde g`a`rezsiz tu`rde mazmunlı durıs alıp biliw talantına iye bolg`an keleshektegi wazıypaların alg`a su`riw ha`m sheshiwge qa`dir. Kadrlerdin` jan`a a`wladın qa`liplestiriw sıyaqlı wazıypalardı a`melge asırıwda na`zerde tutadı. Bul wazıypalardı a`melge asırıw ushın biologiyanı oqıtıwdı oqıw da`stu`rinen orın alg`an laboratoriya a`meliy jumıslar ha`m ekskursiyalardı o`z ornında na`tiyjeli o`tkiziw oqıwshılardın` biliw iskerligin individual ha`m kishi toparlardı sho`lkemlestiriw ha`m basqarıw arqalı oqıwshılardın` o`zlestirgen bilimlerin a`meliyatta qollaw a`meliy ha`m oqıw miyneti ko`nlikpelerin payda etiwge itibarın qaratıw kerek (Rasulov, Omonov, 1984; G`ofurov, Tolipova, 1992; Sayidaxmedov, 2005). Pedagogikalıq protsess birligi ha`m pu`tinligi nızamı. Pedagogikalıq protsesstin` pu`tin ha`m sostavlı bo`limleri ortasındag`ı tıg`ız baylanıslardı sonday-aq ta`lim protsessinin` mazmunı, quralları, metodları, formaları, oqıtıwshı ha`m oqıwshı iskerliginin` oqıtıw maqsetleri menen birlesken tu`rde baylanıslılıg`ın ta`miyinleydi.

Joqarıdag`ı pikirler esapqa alıng`an halda oqıtıw protsessin ma`mleket ha`m sotsiallıq muwapıq maqsetlerdi ta`lim mazmunı pedagogikalıq baylanıs quralları (oqıtıw quralları, metodları ha`m formaları) oqıtıwshı ha`m oqıwshılar iskerligi formaları, oqıw biliw protsessin sho`lkemlestiriw ha`m baqlawdı o`z ishine aladı. (1-keste).

1-keste

**Oqıw protsessinin` moduli**



U`zliksiz ta`lim dizimi aldındag`ı ma`mleket buyırtpaları to`mendegilerden ibarat.

Ta`lim alıwshılardı ruwxıylıq a`depli ta`rbiyalanıwdın` ha`m ag`artıwshılıq islerinin` na`tiyjeli (formaları) tu`rleri ha`m usılların islep shıg`ıw ha`m ja`riyalaw. Oqıwdı o`z betinshe bilim alıwdı individuallastırıw ha`mde distatsion ta`lim dizimi texnologiyası ha`m quralların islep shıg`ıw ha`m o`zlestiriw. Jan`a pedagogikalıq ha`m axborot texnologiyaları, tayarlıqtın` modul diziminen paydalang`an halda talabalardı oqıtıwdı jedellestiriw. Xalıqtın` bay ruwxıy ha`m ientellektual mirası ha`m ulıwma xalıqlıq qa`diriyatlar tiykarında ta`limnin` gumanitar bag`darın ta`miiynlew. U`zliksiz ta`lim dizimi aldındag`ı sotsiallıq buyırtpalarg`a to`mendegilerdi keltiriw mu`mkin. Milliy g`a`rezsizlik printsipleri ha`m xalıqtın` bay intellektual miyrası ha`mde ulıwma xalıqlıq qa`diriyatlar u`stinligi tiykarında ta`limnin` barlıq da`rejeleri ha`m buwınlarında ta`lim alıwshılardın` ruwxıylıq ha`m morallıq pazıyletlerin rawajlandırıw.

Ta`lim beriwdin` barlıq da`rejelerinde ta`lim alıwshılardı huqıqıy ekonomikalıq, ekologiyalıq ha`m sanitariya gigienalıq ta`limdi ha`mde ta`rbiyanı rawajlandırıw. Oqıwshı-jaslar sanası ha`m qa`lbine milliy g`a`rezsizlik ideyasın sin`diriw ta`lim orınlarında pikirli ta`rbiyanı bu`gingi ku`n da`rejesne ko`teriw pedagog kadrlardın` ideya barısında blimlerin teren`lestiriw sıyaqlılardı alıw mu`mkin (Rasulov, Omonov, 1984; G`ofurov, Tolipova, 1992; Sayidaxmedov, 2005).

Ma`mleket ha`m sotsallıq tiykarında biologiyalıq ta`lim mazmunın belgilenedi. Ta`lim mazmunının` jan`alanıwı oqıtıw quralları, metodları, formalarının` jan`alanıwın talap etedi.

Joqarıda atap o`tilgen buyırtpalar tiykarında oqıtıwshı o`z iskerligin o`zlestiredi. Bul bolsa o`z na`wbetinde oqıwshılardın` oqıw motivleri, biliw iskerligine o`z ta`sirin ko`rsetedi. Biologiyadan DTS, da`stu`r sabaqlıqlar analizi, oqıtıwshı ha`m oqıwshılardın` iskerligin sho`lkemlestiriw, basqarıw ma`seleleri,

ta`lim mazmunının` quram bo`limleri ha`m olardı qa`liplestiriw jolları haqkında keyingi temalarda pikir ju`rgiziledi.

Ma`mleketimiz basshısı I.A. Karimov aytıp o`tkenindey: «G`a`rezsizliktin` da`slepki jıllardan aq pu`tkil ma`mleket ko`leminde ta`lim-ta`rbiya, ilim-pa`n, ka`sip-o`ner u`yretiw tarawların jetilistiriwde u`lken mu`ta`jlik sezile baslandı»[1]. Jurtımız keleshegi, onın` erten`gi ta`g`diri, azat ha`m abat ja`miyet qurılısına erisiwimiz ha`m belgili ma`niste usı reformalardın` na`tiyjesine baylanıslı edi. «Sonday-aq ta`lim-ta`rbiya- sana o`nimi esaplanadı, biraq soınn` menen bir waqıtta sana da`rejesi ha`m onın` rawajın ha`m belgileytug`ın faktor. Ta`lim-ta`rbiya sisteması o`zgerttirmesten turıp sananı o`zertirip bolmaydı. Sana, oy pikirdi o`zgertirmesten turıp bolsa biz go`zlegen joqarı maqset- azat ha`m abat ja`miyet payda etip bolmaydi»[2] degen jurtbasshımızdın` pikirlerinen ta`lim-tarbiya reformasın, joqarı ta`jriybeli kadrlar tayarlawg`a erisiw ma`mleketimiz rawajlanıwın ta`miyinlewshi negizgi faktorlardan biri ekenligin bilip alıwımız mu`mkin.

Ta`lim-ta'rbiya sistemasın, sonın` ishinde kadrlar tayarlaw dizimin reformalastırıw whmiyetli faktorlardan biri esaplanadı. Kadrlar tayarlawdın` milliy da`stu`rinde ta`lim-ta`rbiyag`a tiyisli ko`plegen itibarlı ta`riypler bar. Ta`lim-tarbiya tarawında alıp barılıp atırg`an tu`pkilikli reformalardın` tiykarg`ı bag`darları:

- Bilimlendiriw sistemasın, mazmunin reformalaw;
- ta`lim-tarbiya basqarıwın reformalaw;
- ta`limnin` bazar ekonomikasına tiykarlang`an mexanizmlerin do`retiw;
- ata-ana, oqitıwshı oqıwshılardın` ta`lim protsessine bolg`an jan`asha ko`z qaraslarin formalastırıw;
- bul reformalardın` bas ha`reketlendiriwshi ku`shi jan`a pedagogikalıq texnolgiyanı a`meliyatqa endiriwden ibarat.

---

[1] I.Karimov. Jamiyatimiz mafkurasi xalqni-xalq, millatni-millat qilishga xizmat etsin. «Tafakkur»jurnali, 1998y, 2-son, 29 bet.

[2]O'sha joydan. 29-30 bet.

**Jan`a ta`lim modeli**. Bilimlendiriw protsessin reformalawdı a`melge asırıw ha`m go`zlengen maqsetlerge erisiw ushın ta`limnin` jan`a modeli jaratıldı. Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`rinde onın` quramlı bo`limleri ko`rsetip berildi ha`m olar to`mendegilerden ibaratd:

**shaxs-** kadrlar tayarlaw sistemasının` bas sub`ekti ha`m ob`ekti, ta`lim tarawındag`ı xızmetlerdin` qarıydarı ha`m olardı a`melge asırıwshı;

**Ma`mleket ha`m ja`miyet -** ta`lim ha`m kadrlar tayarlaw sistemasının` iskerligin ta`rtipke salıw ha`m qadag`alaw qılıwdı a`melge asırıwshı kadrlar tayarlaw ha`m olardı qabıl etip alıwdın` kepilleri;

**u`zluksiz ta`lim-** ta`jiriybeli bellesiwge shıdamlı jetik kadrlar tayarlawdın` negizi bolıp, ta`limnin` barlıq tu`rlerin, ma`mleket ta`lim standartların, kadrlar tayarlaw sisteması du`zilmesi ha`m onın` iskerlik ko`rsetiw ortalıg`ın o'z ishine aladı;

**pa`n-** joqarı ta`jiriybeli qa`nigelikler tayarlawshı ha`m olardan paydalanıwshı aktiv pedagogikalıq ha`m xabar texnologiyalarin islep shıg`arıwshı;

**islep shıg`arıw-** kadrlarg`a bolg`an mu`ta`jdi, sonday-aq olardın` tayarlıq sıpatı ha`m mazmunına qarag`anda qoylatug`ın talaplardı belgilewshi tiykarg`ı buyırtpashı, kadrlar tayarlaw sistemasın moliya ha`m materiallıq texnika ta`repinen ta`miyinlew protsessinin` qatnasıwshısı.

**Ta`lim tarawındag`ı «partlaw effekti» teoriyası.** «Ta`lim tuwrısında»g`ı nızam ha`m Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri tiykarında ta`lim-ta`rbiya tarawındag`ı jetiskenlikler ha`m bilimlendiriwdin` jan`a modeli a`melge asırılıp barılsa, ma`mleketimizde ju`da` u`lken o`zgerisler payda bolıwı mu`mkinshiliklerin el basshımız to`mendegishe ko'rsetip beredi.

*Texnologik protsess*- islep shıg`arılatug`ın o`nimge islew beriwdin` birden bir protsessii payda teiwshi texnologıq operatsiyalarının` jıyındısı.

*Texnologiyalıq operasiya* – xızmetker ta`repinen o'zinin` is jayında orınlanatug`ın, juwmag`ına jetikizilgen ha`reket ko'rinisindegi protsesslerdin` bir bo`limi.

*Texnologyalıq karta*- bilimlendiriwdin` ma`lim bir o`nimdi islep shıg`ıw sh texnologiyalıq operatsiyalarinın` izbe-izligin bayon etiwshi texnikalıq hu`jjet.

*Texnologyalıq rejim* - texnologyalıq operatsiyalardı amalge asırıwdı belgilewshi tartib bolib, ma`lum bir o`nimdi isleb chig`arıwda orınlanatug`ın operatsiyalardı waqti, sha`rtlerin belgilaydi.

«İsenimimiz kamil: eger bul reformanı tabıslı ra`wishte a`melge asıra alsaq, tez arada biz o`mirimizde ijobiy ma`nistegi «partlaw effekti» ne, yamasa onin` jetiskenliklerine erisemiz».

Bul o`z gezeginde ta`lim ta`rbiya protsessinde ja`miyet ag`zalarının` milliy o’zlikti anglawdın` o’sip boriwin, watandı su`wiwshilikti, o’z watani ushın o`rnek bolıwdı, bay milliy ma`deniy-tarixiy da`stu`rlerge ha`m xalqimizvın` intellektual miyraslarına hu`rmet penen qarawdı a`hmiyetli esaplanadı (G`ofurov, Tolipova, 1992; Sayidaxmedov, 2005).

Milliy da’sturdi a’melge asiriw basqishlarinda pedagogikaliq texnologiya mashqalalari. Bilimlendiriw dizimi ha’m oqiw-ta’rbiya isleri tarawinda tu’rli o’zgeris, jan’aliq ha’m pedagogikaliq texnologiyalardi endiriw mashqalalari «Kadrlar tayarlaw milliy dasturi» nin’ a’melge asisriliwi basqishlarinda o’zine ta’n ta’rizde ko’rsetip berilgen. Usi da’sturdin’ a’melge asiriliwinin’ birinshi basqishi (1997-2001 jillar) da - «oqiw-uslubiy komplekslerdin’ ha’mde ta`lim processinin’ didaktik ham xabar ta`minatinin’ jana awladlarin islep shiqiw ha’m endiriw», ekkinshi basqish (2001-2005 jillar) da - «Bilimlendiriw ka’rxanalarinin’ materiyallaiq-texnika ha’m xabar bazasin ekkemlewdi dawam ettiriw, o’qiw-ta’rbiya prosesslerin joqqri sapali oqiw-a’debiyatlari ha’m aldagi pedagogikaliq texnologiyalar menen ta`minlew, u’zluksiz ta`lim dizimin axborotlastiriwdi a’melge asiriw», u’shinshi basqishi (2005 ha’m onnan keyingi jillar) da «bilimlendiriw ka’rxanalarinin’ resurs, kadrlar ha’m xabar bazalarin ya’nede bekkemlew, o’quv-ta’rbiya processini jan’a oqiw-uslubiy kompleksler, aldagi pedagogikaliq texnologiyalar menen toliq ta`miuinlew» wazipalari belgilep qo’yilgan. (Kadrlar tayarlaw milliy da’sturi.)

Pedogogikalıq texnologiya – anıq bir bag`darlama tiykarında sho`lkemlestiriletug`ın, anıq bir maqsetke bag`darlang`an ha`m de usı maqsettin` unamlı na`tiyjesine kepillik beriwshi pedagogikalıq xizmettin` mazmunı bolıp esaplanadı.

Ha`zirgi waqıtta rawajlang`an ma`mleketlerde bilim - ta`rbiya protsessinin` na`tiyjeliligin belgilep beriwshi zamanagoy pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw barısında interaktiv metodlarının` paydalanıw jolg`a qoyılmaqta.

Oqıtıw protsessesinde metodlardı durıs tan`law mug`allimnin` sabaq maqsetine erise alıwı, oqıtıwshının` sol bilimdi qabıllay alıwı, mug`allim menen oqıtıwshının` birge islesiwine ha`m taza tema boyınsha ayırım mashqalalardı tu`sine alıwına ja`rdem etedi.

Oqıtıw usılı – bull go`zlengen yamasa rejelestirgen anıq bir maqsetke erisiw ushın tan`lanatug`ın jol esaplanadı.

Oqıtıwdın` 2 tu`ri bar: - oqıtıwshıg`a qolaylastırılg`an tu`ri,

-interaktiv oqıtıw usılı. Oqıtıwshıg`a kolaylastırılg`an tu`rinde tiykarg`ı itibar oqıtıwshıg`a karatılg`an boladı. Bul jag`dayda tiykarg`ı wazıypanı sabaqtı alıp barıwshı oqıtıwshı orınlaydı.

İnteraktiv oqıtıw usılları go`zlengen waqıtta bilim beriw, oqıtıwshı ha`m oqıwshı, oqıwshı ha`m oqıtıwshının` birge islesiwine tiykarlang`an boladı. İnteraktiv so`zi neni an`latadı? Bul so`z inglis tilinen alıng`an bolıp, «o`z-ara» ha`reket degen ma`nisti an`latadı.

İnteraktiv usıllar menen oqıtıwdın` abzallıq ta`repi, sabaqta barlıq oqıwshı bilim alıw protsesine tartıladı. İnteraktiv usıllardın` maqset ha`m wazıypaları oqıwshı menen oqıtıwshının` aktiv qatnasıg`ı, bir-birine tolıq tu`siniwge tiykarlanıwı bolıp tabıladı. Sonday-aq, bul usıllar arqalı oqıwshılardın` g`a`rezsiz pikirley qa`biletin rawajlandırıp, olarda erkin pikir, erkin qarar qabıl qılıw, sın ko`z-qarastan baha beriw qa`bileti rawajlanadı.

Huqıqıy bilim beriwdi oqıtıwda nelerge itibar qaratıw maqsetke muwapıq ekenligin u`yreniw ha`r bir hukıqıy bilim beriwshi ustaz aldında turg`an tiykarg`ı maqset bolıwı lazım. Yag`nıy, oqıwshılarda huqıqıy oy pikirdi payda etiw ha`m

sonın` tiykarında huqıqıy bilim-ta`rbiyag`a erisiwden ibarat. Sonın` ushın da oqıwshılarg`a huqıqıy bilim-ta`rbiya beriwde to`mendegi usıllardan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı.

-awız eki pikir bildiriw (a`meliy ha`r qıylı shınıg`ıwlar)

-zamanago`y pedagogikalıq texnologiyada paydalanatug`ın ma`limleme xabar texnologiyasınan kadoskop, komp`yuter, televizor, mul`timedia, sonday-aq, xalıqaralıq baylanıs sisteması internet xizmetinen paydalanıwı mu`mkin.

Ha`zirgi waqıtta ko`birek paydalanatug`ın debat metodı haqqında so`z ju`ritsek, debatlar – bull qarama-qası, oy-pikirlerdin` o`z-ara soqlıg`ısıwı bolıp, ol oqıwshılardı erkin pikirlewge, ha`r tu`rli ma`selelerdi u`yreniwge ha`m o`zinin` haq ekenligine basqalardı isendiriwge u`yretedi.

Debatlar – bul topar oqıw shıları bolıp, bunda toparlardın` ha`r bir ag`zası huqıq ha`m minnetlemelerine iye boladı, kim jen`iske eriskenligi bolsa, debat juwmag`ında toparlardın` sorawlarg`a qaytarg`an juwapları arqalı anıqlanadı.

Oqıwshılar menen debat o`tkergen 3 printsipke a`mel etiw kerek.

Debatlardın` ko`p na`relerdi u`yretiw printsipine tiykarg`a maqset jen`iske erisiw emes, bilimlerdi iyelewden ibarat.

Hu`jdanlıq minnetlemesi (berilgen sorawlarg`a juwap beriwde qa`tege jol qoyıwdın` aldın aladı).

O`z-ara xu`rmetti saqlaw printsipi (qatnasıwshılar bir-birinin` abrayın to`kpewi kerek).

Debatta 2 topar qatnasadı. Birinshi topar tastıyqlawshı topar, ekinshi topar qaramaqarsı yaki biykar etiwshi ta`repi sıpatında.

Juwmaqlap aytqanda, metodika menen qurallang`an ha`r bir oqıtıwshı wazıypası durıs ha`m na`tiyjeli islew imkaniyatına iye boladı. Usı wazıypalardı shın kewilden atqarg`anımızda g`ana ja`miyetimizde huqıqıy bilimli, ka`sibin su`yetug`ın ha`m de huqıqıy bilimdi, teren` iyelegen qa`nigeler jetisip shıg`adı.

Pedagogikalıq texnologiya oqıtıw qurallarının` ja`rdeminde oqıwshılarg`a turaqli jag`dayda ta`sir ko`rsetiwden ha`m olarda aldı-ala belgilengen shaxs sıpatların jedel rawajlandırıwına kepillıq beretug`ın prostessten turadı. Anıg`ırag`ı

pedagogikalıq texnologiyanin` bilim protsesinin` na`tiyjeligin asiriw maqsetinde oqıtıwshı menen oqıwshi iskerligin ulıwmalastırıw ha`m sho`lkemlestiriw ushın oqıtıw metodları, quralları ha`m olardın` ta`sirin anıqlaw sistemalari kompleksinen modulli oqıtıw didaktikalıq oyın, mashqalalı oqıtıw, birgeliqte oqıtıw, da`stu`riy oqıtıw ha`m basqa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıladi.

Modulli (modul-Latinsha bo`lim, blok) oqıtıw (texnologiyasi aldın`an du`zip shıg`ılg`an modul bag`darlaması yag`nıy sabaqtın` texnologiyalıq kartasına tiykarlang`an boladı. Bunın` ushın sabaqtın` teması logikalıq tolıq, salistırmalı o`zinshe bo`limler (moduller, bloklar) ge ajıraladı. Bunday bo`limler oqıw elementleri (O.E) boladı. Ha`r bir bo`limdi oqıwshı o`z betinshe o`zlestirip alıwı ha`m alıng`an bilimdi anıqlaw ushın tapsırmalar ha`m sorawlar du`ziledi. Bag`darlamannın` song`ı basqıshında oqıwshılar o`z iskerligine juwmaq jasaydı. Didaktikalıq oyınlı texnologiyalar oqıwshılardın` bilim alıw iskerligin oyın iskerligi menen qosip alip barıwdan ibarat. Didaktikaliq oyınlar jarıs, ba`seki, o`z ara ja`rdem, birgelıqte alip barıladi. Bunın` ushın oqıtıwshı didaktikaliq oyınlar na`zerde tutilg`an maqset, oni a`melge asırıw jollari, oyınnın` mazmunı ha`m qatnasıwshılardın iskerligin anıqlap beredi.

Didaktikaliq oyın sabaqlari ta`lim ha`m ta`rbiya beriw, oqıwshilardın` ilimiy do`retiwshilik iskerligin bahalaw, ka`sipke bag`darlaw oqıwshilardın` o`z- ara sa`wbet ha`m so`ylesiw ma`deniyatın rawajlandırıw, olardın` bilimlerin teren`lestiriw ha`m shaxstı rawajlandırıw wazıypasın orınlaydi.

Didaktikaliq oyınlı sabaqlar o`z mazmunına qaray syujetli-rolli, do`retiwshilik isbilermenlik oyınları, konferentsiya ha`m oyın shınıg`ıwlı sabaqlarg`a ajıratıw mu`mkin.

Do`retiwshilik oyınlar. Do`retiwshilik oyınlar oqıwshılar o`zlestirgen bilim, ko`nlikpe ha`m mamanlıqların do`retiwshilik jaqtan qollap-quwatlaw, oqıw protsessinde payda bolatug`ın mashqalalı jag`daylardı do`retiwshilik izleniw arqali sheshiwden ibarat. Bunda oyınlar oqıwshilardın` o`z betinshe do`retiwshilik

izleniwleri ha`m logikalıq pikirlerin rawajlandırıwg`a bilimlerin ja`ne de bekkemlew ha`m olarg`a jan`a bilimler beriwge qaratılg`an boladı.

İlimiy konferentsiya sabaqları.

İlimiy konferentsiya sabaqları oqıwshilardın` oqıw iskerligin ilimiy izleniw, bayanat ha`m pikir alısıw tu`rinde sho`lkemlestiriwden ibarat. Bunday sabaqlarda klasta jaqsı oqiytug`ın ha`m qızıg`atug`ın oqıwshılar zoolog alımlar rolin orınlap konferentsiyag`a shıg`ıw ushın bayanat ha`m ko`rgizbeli qurallar tayarlaydi. Basqa oqıwshılar bolsa konferentsiya qatnasıwshıları retinde alımlar bayanatı boyınsha o`zlerin qızıqtıratug`ın mashqalalar boyınsha sorawlar tayarlaydi.

Konferentsiya sabaqlarının` tiykarg`ı maqseti oqıwshılardı qosımsha a`debiyatlar, ilimiy-g`alabalıq materiallar menen islew, bayanat du`ziw, o`z pikirin bayanlaw ko`nlikpe ha`m mamanlıqların, shıg`ıp so`ylewi ha`m so`ylew ma`deniyatın rawajlandırıwdan ibarat. İlimiy konferentsiya sabaqları u`lken, ulıwmalastırıwshi temalar boyınsha o`tkeriledi. Oqıtıwshı konferentsiya o`tkeriletug`ın temanı aldın`-ala belgilep aladı, onı ayrıqsha bo`limler (kishi temalar) ge bo`ledi. Ha`r bir kishi tema ushın qosımsha a`debiyatlar tan`laydi. Konferentsiyag`a tayarlıq boyınsha oqıwshılarg`a ma`sla`ha`t beredi.

To`mende "su`yekli balıqlar klasi, balıqlardın` ko`p tu`rliligi" teması boyınsha ilimiy konferentsiya sabag`ının` jobasın keltiremiz. Oqıwshilardın` qızıg`ıwshılıg`ın asırıw maqsetinde sabaq materialın ken`eytirip, oni to`rt bo`lim (bayanatlar) ga ajıratamız.

1. Su`yek-shemirshekli ha`m losos ta`rizli balıqlardın` ko`ptu`rliligi ha`m ekonomikalıq a`hmiyeti.

2. O`zbekstan suw basseiynlerinin` balıqları.

3. Baliqlardın` ko`beyiwi ha`m na`silge g`amxorlıq etiwi.

4. Balıq baylıqların qorg`aw ha`m ko`beytiw.

Sabaqtın` jobası:

1- Oqıtıwshının` kiris so`zi (sabaqtın` teması, maqseti, wazıypalari, konferentsiya qatnasıwshılari menen tanıstırıw).

2. İlimiy bayanatlar (zoolog ilimpazlardın` o`z temaları boyınsha bayanatları ha`m sorawlarg`a juwaplar).

3. Bayanatlardı talıqlaw (ilimpazlar ha`m oqıwshılar arasında temalar boyınsha pikir alısıw).

4. İlimiy konferentsiyani juwmaqlaw (temanı ulıwmalastırıw, konferentsiya qatnasıwshıların marapatlaw ha`m u`yge tapsırma beriw).

Mashqalalı sabaqlar.

Mashqalalı oqıtıw sabag`ında oqıwshılarda mashqalalı jag`day jaratıwı, onı oqıwshilardın` jedel qatnasıwı arqali sheshiw mu`mkin. Mashqalalı oqıtıwdın` tiykarg`ı maqseti oqıtıwshı logikaliq jaqtan pikirlewge u`yretiw, olardi artalizlew, juwmaq shıg`ariw sıyaqlı ko`nlıqpelerin jetilistiriwden ibarat. Mashqalalı oqıtıwdın` sa`wbet ha`m gu`rrin`lesiw sıyaqli awızeki tu`rleri, a`meliy ha`m logikalıq metodları menen birge oqıtıw texnologiyasın sho`lkemlestiredi.

Sabaq protsessinde kelip shıg`atug`ın mashqalalardı sheshiwde logikalıq metodlar: induktsiya, deduktsiya, analizlew, salıstırıw, ulıwmalastırıw u`lken a`hmiyetke iye.

Mashqalalı jag`daylardan jan`a temanı bayanlaw, bekkemlew, bilimin baqlawda paydalantsw jaqsts na`tiyje beredi, Bunin` ushın oqıtıwshı mashqalalı sabaq tu`rinde o`tiletug`ın temalardts tan`laydts. Tema boyınsha mashqalalı jag`daydı keltirip shıg`aratug`ın soraw ha`m tapsırmalardı anıqlaydı.

Zoologiyadan mashqalalı sabaqlar a`sirese sabaqlıqtag`ı u`lken temalardı juwmaqlawda qol keledi. Bunday sabaqlarda oqıwshılar sabaq dawamında alg`an bilimlerin jan`a jag`dayda qollanıw; alıng`an bilimler tiykarında jan`a pikirler oyatıw; o`z pikirlerin da`liller tiykarında da`lillep beriwdi u`yrenedi.

Mashqalali oqıtıw sabaqlarında klastag`i oqıwshılar 3-4 topar (komanda) g`a bo`linip, ha`r bir toparg`a sa`rdar saylanadı. Usıdan keyin toparlarg`a bir-birden tapsırma beriledi. Tapsırmalardı oqıwshılar o`z toparında talqılaydı ha`m juwap tayarlaydı. Ha`r bir oqıwshı tek bir sorawg`a juwap beriwi mu`mkin.

**Didaktik oyınli texnologiyalar.** Ta`lim protsessinde didaktik oyınlı texnologiyalar didaktik oyınlı sabaq formasında qollanıladı. Usı sabaqlarda oqıwshılardın` bilim alıw protsessi oyın xızmeti menen uyg`ınlastırıladı.

Sol sepepli sabaq bilim alıw xızmeti oyın xızmeti menen uyg`ınlasqan sabaqlar didaktik oyınlı sabaqlar dep ataladı.

Adam o`mirinde oyın xızmeti arqalı to`mendegi u`azıypalar a`melge asırıladı.

1. Oyın arqalı shaxstın` ma`lim bir xızmetine bolg`an qızıg`ıwı artadı.
2. Kommonikativ baylanıs ma`deniyattı iyelewge ja`rdem beredi.
3. Shaxstın` o`z talantı, qızıg`ıwı, bilimi ha`m o`zligin qo`rsetiwde imkanyat jaratadı.
4. O`mirde ha`m oyın protsessinde ju`z beretug`ın tu`rli qıyınshılıqlardı jen`iwge tayarlaydı, tuwrı ta`lim alıw ko`nikpelerin payda etedi.
5. Oyın protsessinde sotsial normalarg`a sa`kes a`dep ikramlıqtı iyelew, kemshiliklerge jol qoymaw imkanyatın beredi.
6. Shaxstın` jaqsı ta`repleri ha`m pa`ziyletelerin formalanıwında tiykar tayarlaydı.
7. Adamzat ushın a`hmiyetli bulg`an qa`diriyatlar dizimin, a`sirese sotsial, ma`deniy-ag`artıwshılıq, milliy ha`m ulıwma adamgershilik qa`driyatlardı u`yreniwge itibar qaratıladı.
8. Oyın qatnasıwshılarında ja`ma`a`t qatnas ma`deniyatı ko`zde tutıladı.

Oyın menen baylanıslı o`zining turtta xususiyati menen ajralib turadi.

1. Erkin rawajlandırıw xızmettin` payda bolıwının` (bunda oyın qatnasıwshıları rolleri, wazıpaları o`z xızmetinen kewli tolıwı na`zerde tutuıladı).
2. İjodiy ortalıqtın` payda bolıwı (oyın qatnasıwshıları tiyisli tvorchestvolıq ha`m o`z betinshe xızmetke iye boladı).
3. Sezim jag`daydın` payda bolıw bolıwı (oyın dawamında jarıs, ba`seke, birgelikte bolıwı, o`zara ja`rdemlesiw payda boladı).
4. Oyın dawamında belgilengen nızam kag`ıydalarg`a ju`da` kattı itibar qaratıladı (oyın mazmunı, barısı, mazmunlı izbe-izligi, ha`m t.b.)

Oyın quramına to`mendegi ma`seleler kiredi.

A) Oyınnın` syujeti.

B) Anıq  roller, wazıypalar.

C) Usı rollerdi a`melge asırıw ushın orınlanatug`ın usullar.

D) Anıq oyınlar eki sha`rtli ra`wishte oyın qurallarınan paydalanıw.

E) Oyın qatnasıwshıları ortasındag`ı mu`na`sebet, baylanıs.

Oyın xızmetin` quramı to`mendegilerden turadı.

1. Oyındag`ı ko`zde tutılg`an maqsetti anıqlaw, proektlew.
2. Sol maqset a`melge asırıw jolların belgilew.
3. Alıng`an na`tiyjelerdi analizlew.
4. Oyın strukturasına tiyisli o`zgerisler o`zgerislerlar kiritiw.

Didaktik oyınlı sabaqlardı sabaq bilim alıw ha`m oyın  xızmetinin` birligine qarap, syujetli-rolli oyınlar, tvorchestvolıq oyınlar, isbilermenlikler oyını, konferentsiyalar, oyın-mashqlarg`a ajıratıwg`a boladı. Oqıtıwshı aldınnan oqıwshılardı individual, keyin ala gruppalı oyınlarg`a tayarlawı ha`m onı o`tkeriwi olar jaqsı shıqqannan keyin, ulıwma oyınlarg`a tayarlawı lazım. Sebebi  oqıwshılar didaktik oyınlı sabaqlarda aktiv qatnasıwları ushın za`ru`rli bilim, ko`nikpeler ha`m bilimn asırıwg`a iye iye bolıwları, bunnan basqa, klass ja`ma`a`ti ortasında birgelikte, o`z-ara ja`rdem payda bolıwı lazım. Oqıtıw didaktik oyınlı sabaqlardı o`tkeriwde to`mendegi didaktik talaplarg`a a`mel etiwi lazım.

1. Didaktik oyınlı sabaqlar programmasında ko`rsetilgen ta`limiy-ta`rbiyayalıq rawajlandırıwshı maqset ha`m wazıpalardı sheshiwge qaratılg`an bolıwı.

2. Ayrıqsha mashqalalarg`a bag`ıshlang`an bolıwı ha`m olar oyın dawamında sheshiliwi kerekligi.

3. Oyın strukturası mazmunlı izbe izlikte bolıwı.

Usı sabaqlarda didaktik ta`rtiptegi ta`replerge a`mel etiliwi ha`m en`  kem waqıt  tejelgen jag`dayda u`lken na`tiyjege erisiliwi kerek.

## II. METODIKA HA`M USILLAR

Biz to`mende oqıtıw prostessinde qollaw mu`mkin bolg`an bazi bir treningler (texnologiyalar) g`a sıpatlama berıp, bazıların o`tkeriw ta`rtibi haqqındag`ı metodikalıq sipatlama berip o`temiz.

«TARMAQLAR» metodı – oqıwshı-talabanin` logikalıq pikirlew, ulıwma pikir aynalasin ken`eytirıw, o`z betinshe ra`wishte a`debiyatlardan paydalaniwdi u`yretiwge qaratılg`an.

«3x4» metodi- oqıwshı talabalardin` erkin pikirlewi, ken` aynalasinda tu`rli idealardi bere alıwı, ta`lim prostessinde jeke, kishi topar jag`dayda analiz etip, juwmaq shıg`ara alıwı, ta`ripley alıwına qaratılg`an.

«BLİTS-OYIN» metodı-ha`reketler izbe-izligin tuwrı sho`lkemlestiriwge, logikalıq pikirlewge, u`yrenilip atırg`an predmet tiykarında ko`p, tu`rli pikirlerden, mag`lıwmatlardan kerekligin tan`lap alıwdı u`yreniwge qaratılg`an.

«İNTERV`Yu» texnikası- oqıwshı-talaba soraw berıw, esite alıw, tuwrı juwap beriw, soraw tuwrı du`ziwdi u`yretiwge qaratılg`an.

«İERARXİYa» texnikası -a`piwayıdan quramalılıqqa, quramalılıqtan a`piwayıg`a o`tiw usılların qollaw arqalı olardı logikalıq, kritika, do`retiwshilik pikirlewge u`yretiwge qaratılg`an.

«BUMERANG» texnikası–oqıwshı – talabalardı sabaq protsessinde, sabaqtan tısqarı tu`rli a`debiyatlar, lektsiyalar menen islew, u`yrenilgen material materialdi yadında saqlap qalıw, so`ylep bere alıw, pikirlerdi erkin halda bayan ete alıw ha`mde bir sabaq dawamında ha`mme oqıwshı talabalardı bahalay alıw.

«TALABA» treningi – oqıwshı talabalar menen individual jag`dayda islew oqıtıwshı ha`m talaba ortasindag`i tosıqti joq etiw, birgelikte islew jolların u`yretiwge qaratilg`an.

«OQITIWShI Shaxsı» treningi –oqıtıwshının` innovatsion iskerlikti ashıp berıwshi «Oqıtıwshı shaxsqa qoyılatug`ın talaplar» temasındag`i o`z betinshe pikirlewge, do`retiwshilik imla` jazıw arqalı pikirlerdi bayan etiwge qaratılg`an.

«O`Z – ARA BAYLANıS » texnikası oqıtıwshılardi auditoriya dıqqatın o`zine qaratıw, sabaq prostessinde birgelikte iskerlik ko`rsetiwge, oni sho`lkemlestirıwdi u`yretiwge qaratılg`an.

«BASQARIW» texnikasi oqıtıwshılardi auditorıyani basqarıwdag`i usılları ha`mde oqıwshı-talabalardi is prostessinde basqarıw usılları menen tanistirıw shıg`ıw ha`m sog`an u`yretiwge qaratılg`an.

«Tarmaqlar» metodi (Klaster)

Pikirlerdin` tarmaqlaniwi – bul pedagogikalıq strategiya bolip, ol oqıwshılardi bir temani teren` u`yreniwlerıne ja`rdem berıp: oqıwshılardi temag`a tiyisli tu`sinik yaki anıq pikirdi  erkin ha`m ashıq ra`wishte izbe-izlik penen u`zliksiz baylanisqan tarmaqların u`yretedi.

Bul metod qa`legen bir temani teren` u`yreniwden da`slep oqıwshılardin` pikirlew iskerliginin` jedellestirıw ha`mde ken`eytirıw ushın xizmet qiliwi mu`mkin. Sonday-aq, ıtilgen temani bekkemlew, yaxshi o`zlestirıw, ulıwmalastirıw ha`mde oqıwshılardi sol tema boyınsha ko`z aldina keltirıwlerın sizilma ta`rızinde ko`rsetiwge u`ndeydi. To`mendi biz, namuna sipatinda misal keltirdik.

«Bumerang» texnologiyasi

Usi texnologiya bir shinig`iw dawaminda oqıw materıalin teren` ha`m birden bir jag`dayda u`yreniw, dıretiwshilikti tu`sinip jetiw, Erkin ielewge bag`darlang`an. Ol tu`rli mazmun ha`m xarakterge (ma`seleleli, tu`rli mazmunli) ie bolg`an temalardi u`yreniwge jaramli bolip, o`z ishine awizeki ha`m jazba jumis qa`liplerıne ja`mlep aladi ha`mde bir shinig`iw dawaminda ha`r bir qatnasiwshinin` tu`rli tapsirmaların orınlaniwi, na`wbet penen oqıwshı yaki oqıtıwshı rolinde boliwi, kerekli baldi toplaniwina imkaniyat beredi.

«Bumerang» texnologiyasi kretikalıq pikirlew, logikalıq qa`liplestirıwge imkaniyat jaratadi. Eslewdi, idealardi, pikirlerdi, da`lillerdi jazba ha`m awizeki qa`liplerde bayan qiliw kınlikpelerdi rawajlandiradi.

Ta`lim menen bir qatarda usi metod ta`rbiyali xarakterdegi qatar waziypalardi a`melge asirıw imkanin beredi:

- ja`ma`a`t penen islew sheberligi;

- mu`na`sebet;

- xoshpeyillik;

- kınigiwshen`lik;

- o`zgeler pikirıne shu`rmet;

- aktivlik;

- basshılıq sipatların qa`liplestirıw;

- iske tuwrı jandasiw;

- o`z iskerliginin` na`tiyjeli boliwina qizig`iw;

- o`zin-o`zi bashalaw.

Tiykarg`i tu`sinikler to`mendegiler:

Ashıq sorawlar- bul sorawlar mu`na`sebet, so`zlesiwdi dawam ettirıwge imkan beredi. Olarg`a qisqa, bir tu`r juwap berıw mu`mkin emes.

Ashıq sorawlar – bul sorawlar aldinnan «sha» yaki «joq» tipindegi tuwrı, ashıq, juwaplardi berıwdi ko`zde tutadi.

Kındelen` soraw- bir –birıne toparlap berıliwshi qisqa sorawlar qatarı bolip, bul o`zine ta`n axborotlar izlew ha`mde da`lillerdi, opponentlerdi pozistiyasin anıqlaw ha`m belgili qararlar qabil qiliw ushın a`jayip imkaniyati bolip esaplanadi.

Kındelen` soraw waqtinda pikrlerdi almasiwg`a kirısiw mu`mkin emes. Bul waqitta tek sorawlar berıledi, pikirlesiwge kirısilmeydi.

«Bumerang» texnologiyasi kretika ha`m logikalıq pikirlewdi qa`liplestirıwge imkaniyat jaratadi, eslewdi, idealardi, pikirlerdi, da`lillerdi jazba ha`m awizeki tu`rde bayan etiw kınlikpelerın rawajlandiradi.

«Skarabey» texnologiyasi

«Skarebey» interaktiv texnologiya bolip, ol oqıwshılarda pikirli baylanislilıq, eslewdin` rawajlaniwina imkaniyat jaratadi, qaydaydir ma`seleleni sheshiwge o`z pikirın ashıq ha`m Erkin ko`rsetiw sheberligi qa`liplestirıledi. Usi texnologiya oqıwshılarg`a o`z betinshe bilimnin` sipatin ha`m da`rejesin bashalaw, u`yrenilip atirg`an tema shaqqindag`i tu`sinik ha`m ko`z aldimizg`a keltirıwlerdi anıqlaw imka`nin beredi. Ol, tap usi waqitta, tu`rli ideaların ko`rsetiw ha`mde olar arasindag`i baylanislardi anıqlawg`a imkan jaratadi.

«Skarabey» texnologiyasi ha`r ta`repleme bolip, onnan oqıw materıalinin` tu`rli basqishlarının` u`yreniwge paydalaniladi:

- basinda – oqıw iskerligin marapatlaw sipatinda («Aqliy hu`jim»)

- temani u`yreniw prostessinde – onin` a`hmiyeti, du`zilisi ha`m mazmunin belgilew: olar arasindagi tiykarg`i bılimler, tu`sinikler, baylanislar xarakterın anıqlaw: temani ja`ne de teren`irek u`yreniw, jan`a ta`replerın ko`rsetiw.

- aqirında aling`an bilimlerdi bekkemlew ha`m juwmaqlaw maqsetinde,

- «Skarebey» texnologiyasi oqıwshılar ta`repinen an`sat qabil etiledi, sebebi, ol iskerligin pikirlew, biliw qa`sietlerı inabatqa aling`an halda islep shig`ilg`an. Ol oqıwshılar ta`jirıybesinen paydalaniwdi ko`zde tutadi, reflektiv baqlawlardi a`melge asiradi, dıretiwshilik jaqtan aktiv izleniw ha`m pikirli ta`jirıybe ıtkiziw imkaniyatlarına ie.

Usi texnologiyanin` ayirım abzallıqları sipatinda qa`liplestirıwdi jen`illestirıwshi sizilma ta`rızlilerden paydalaniwdi ko`rsetiw mu`mkin.

«Skarabey» o`z aldina jumislarda, kishi toparlarda ha`mde oqıw ja`maalerınde qollaniwi mu`mkin.

Ta`limnen tisqarı usi metod ta`rbiyali xarakterdegi qatar waziypalardi a`melge asirıw imkanin beredi.

- o`zgeler pikirıne shu`rmet;

- ja`ma`a`t mene islew sheberligi

- aktivlilik;

- xoshpeyillilik;

- jumısqa tuwrı jandasiw;

- o`z qa`bileti ha`m imkaniyatların tekserıwge ja`rdem beredi;

- «men» liginin` ko`rsetiwge imkan beredi;

- o`z iskerligine na`tiyjelerıne juwapkershilik ha`m qizig`iw oyatadi.

Tiykarg`i tu`sinikler to`mendegiler:

Assostiastiya – logikalıq baylanislilıq bolip, sezgiler, idealar ha`m basqalar arasinda shasil qiliniwshi logikalıq baylanislar bolip esaplanadi.

«VEER» texnologiyasi

Bul texnologiya quramali, kıp tarmaqli, mu`mkin bolsa, ma`sele xarakterındegi temalardi u`yreniwge qaratilg`an.

Texnologiyanin` a`hmiyeti sonna ibarat, bunda temanin` tu`rli tarmaqları boyınsha bir joli axborot berıledi. Sol waqitta, olardin` ha`r birı o`z aldina noqatlardan talıqlanadi. Ma`selen: tuwrı ha`m kerı ta`replerı, avzallıq, pa`zilet kemshilikleri, payda ha`m za`ru`rlerı belgilenedi.

Bul interaktiv texnologiya kretikalıq, anıq logikalıq pikirlerdi na`tiyjeli rawajlandirıwg`a ha`mde o`z ideaları, pikirlerın jazba ha`m awizeki qa`lipte ıqsham bayan etiw, qorg`awg`a imkaniyat jaratadi.

«VEER» texnologiyasi ulıwma temanin` ayirım tarmaqlarının` talıqlawdi kishi toparlardin`, ha`r bir qatnasiwshinin`, topardin` aktiv isleniwine qaratilg`an.

«VEER» texnologiyasi temani u`yreniwdin` tu`rli basqishlarında qollaniliwi mu`mkin.

- basinda: o`z bilimlerdi erkin aktivlestirıw,

- temani u`yreniw prostessinde: onin` tiykarların teren` an`law ha`m an`lap jetiw;

- juwmaqlaw basqishinda; aling`an bilimlerdi ta`rtipke salıw,

Tiykarg`i tu`sinikler to`mendegiler:

Aspekt penen predmet, sha`diyse, tu`sinik tekserıledi.

Ablallıq-bir na`rse menen salistirg`andagi u`stinlik, imtiyaz.

Pa`ziylet – tuwrı sipat.

Juwmaq – belgili bir pikirge, logikalıq qag`iydalar boyınsha da`lilden na`tiyjege keliw.

Ta`limnen tisqarı «Jelpigish» texnologiyasi ta`rbiyali xarakterdegi qatar waziypalardi a`melge asirıw imkanin beredi:

- ja`ma`a`t, toparlarda islew sheberligi

- mashqalalar, jag`daylardi tu`rli jaqtan talıqlaw sheberligi;

- o`zgeler pikirine hu`rmet;

- ken`peyillik;

-jumısqa tuwrı jandasıw;

- aktivlilik;

- ma`selege dıqqatın ja`mley alıw sherligi;

Oqıtıwdin` na`tiyjeliligin asirıwda oqıw prostessinde «Blist-oyın», «Chorrasha», «Ma`selele texnologiyasi», tu`rli jumis oyınları texnologiyasi siyaqlilarda paydalaniw mu`mkin. Ma`selen, «Eger men … bolsam», «Men sonday qilg`an bolar edim» kibiler

Joqarıda misal ta`rızinde keltirılgen usi zamanagıy metodlar, treninglerde qollanilg`an texnologiyalar oqıwshı – talabalarda logikalıq, aqliy, kretikalıq, o`z betinshe pikirlerdi qa`liplestirıwge ja`rdem beredi.

Oqıwshılardin` mustaqıl bilim alıw kınlikpe ha`m bilimlerın qa`liplestirıwde u`y waziypalarınin` roli ju`da` u`lken. U`yge berılip atirg`an tapsirma oqıwshılar bilimin bekkemleydi, olardi o`z betinshe islewge u`yretedi, juwapkershilikti sezgen, belgilengen tapsirmani orınlaytug`in qilip ta`rbiyalaydi. A`lbette bunda oqıtıwshı u`yge berılgen tapsirmalardi o`z waqtinda baqlaniwi ha`m o`z orninda oqıwshılardi bashalap turıwi lazim.

U`y waziypaların oqıtıwshınin` sabaqlar menen baylanisli bolg`an sabaqlıq ha`m qosimsha a`debiyatlar boyınsha tapsirmasin oqıwshılar u`yde mustaqıl orınlawi shılkemlestirıw formasi bolip esaplanadi. Oqıwshılardin` birınshi ilimiy a`debiyatları oqıw sabaqlıqları bolip, olar kıbinese mine sol ilimiy a`debiyatlardan paydalaniwdi bilmeydi, bazi oqıwshılar sabaqti tek klasta jazip alg`anlarınan u`yrenedi, ayrımları dierli lekstiyani yadlap aladi. U`yge berılgen tapsirmalar oqıwshınin` pikirlewin aktivlestiretug`in, onda mustaqıl pikirlewge qizıqtirıw, ielegen bilimlerde a`melde engiziwdi u`yretken jag`dayda g`ana ko`zlengen maqsetke erısiledi. Berıletug`in tapsirma – tapsirmani tiykarınan jan`a materıaldi u`yrenip bolip berıliwi maqsetke muwapıq, sebebi oqıwshılar jan`a u`yrenilgen temanin` mazmuni menen tanisqannan keyin tapsirmani tu`siniwide, orınlawida an`sat boladi.

# III. TİYKARG`I BO`LİM

## 2.BAP. MEKTEPLERDE BIOLOGIYA PA`NI TARAWLARI HA`M TA`LIM-TA`RBIYANI QA`LIPLESTIRIWDE O`ZINE TA`N O`ZGESHELIKLERI

Biologiyalıq ta`limnin` roli o`mirinde u`lken a`hmiyetke iye. Biologiya oqıtıwshısı biologiyalıq bilimlerdin` ha`r bir insan o`mirinde ha`m miynetindegi teren` an`lawı ha`m bug`an iseniw kerek. Mektepte oqıtıwshının` tabıslı is alıp barıwdın` birinshi sha`rti mine sol, sebebi ta`rbiyalawshı ta`lim protsessi isenimge tiykarlanıwı.

Ta`biyattanıw mekteplerge oqıw pa`ni sıpatında XVIII-a`sir aqırında kirgizilgen. Bul tarawda da`slepki sabaqlıqtı V.F. Zuev jazg`an. Onın` sabaqlıg`ı (Anorganik ta`biyat), (o`simlikler du`n`yası, (haywanalar du`n`yası) sıyaqlı bilimlerden turadı. Birinshi bo`lim topıraq, taslar, duzlar, janıwshı zatlar, tasqa aylang`an organizmler haqqında. o`simlikler du`n`yası bo`liminde bolsa o`simliklerdin` kletkalıq du`zilisi, ha`r qıylı o`simliklerdin` klassifikatsiyasına tiyisli bo`limler berilgen. Zoologiya bo`liminde ayırım haywanatlardın` sırtqı ko`rinisi tirishilik etiwi tuwralı aytıladı (Barotov, 1991; Xolmurodov, 2000; Otoyev, Nabiyev, 1995; Ergashev, 2005).

V.F. Zuev sabaqlıg`ında o`simlikler, haywanatlar morfologiyası sistemasınan basqa ekologiyag`a tiyisli mag`lıwmatlar bar. Sabaqlıqta ta`biyiy, su`wretlew ko`rgezbeli qurallardan paydalanıw haqqında da pikir bildirilgen.

XIX-a`sirde baspadan shıg`arılg`an A.Sh. Teryaev botanika sabaqlıg`ı sistematika pa`ninin` tiykar salıwshısı Karl Linneydin` (Botanika filosofiyası) miynetinen tolıq ko`shirilgenligi sebepli oqıwshılar ushın tu`sinikli bolmadı.

Rossiyada 1828-1852 jılları xalıq ta`limi tarawında reformalastırılıp ta`biyattanıwdı oqıtıw pa`ni mekteptegi bag`darlamadan alıp taslandı.

Biraq keyin ala 1853 -jıldan baslap mekteplerde qaytadan (Ta`biyat haqqında ulıwma tu`sinik), (Zoologiya), (Botanika), (Minerologiya), (Adam anatomiyası ha`m fiziologiyası) sıyaqlı pa`nler oqıtıla baslandı. Usı oqıw pa`nleri

boyınsha jazılg`an sabaqlıqlar ko`lemi u`lken bolıp, ondag`ı oqıw materialları ju`da` quramalı bolg`anı sebepli oqıwshılarda hesh qanday qızıg`ıw oyatpadı. Tek V.İ. Dal` ta`repinen jazılg`an botanika sabaqlıg`ı ekologiya ha`m ta`biyattı qorg`aw boyınsha bay mag`lıwmatqa iye bolg`anı ushın ol tu`sinikli bolıp oqıwshılarda usı pa`nge bolg`an qızıg`ıw oyana baslandı.

Biologiya oqıtıwshısının` ka`sibi, oqıwshılarg`a nege ha`r bir adam biologiyanı u`yreniw za`ru`rligin sin`diriwi ushın joqarı da`rejede isletiletug`ın bilim ha`m bekkem basshılıq etiwde talap etedi. XX-XXI a`cirde ilim ha`m texnika rawajlanıp ketti, na`tiyjede insaniyat o`zi jasap atırg`an ortalıq penen qarama-qarsılarda dus kelmekte, ortalıq onın` den-sawlıg`ına ha`m o`mirine qa`wip bolmaqta. Sebebi islep shıg`arıw ha`m transport shıg`ındıları, tog`aylardın` kemeyiwin, azon qabatında tesikler payda bolı-wına alıp keldi (Aminov., Tilovov, 2002).

Biologiya pa`ninin` jetiskenlikleri ko`p ta`repten ta`biyiy pa`nler fizika, ximiya, matematika, astronomiya, tarawında erisilgen jetiskenlklerden paydalanıw na`tiy-jesinde ju`z bermekte.  Bul pa`nlerdin` jetiskenliklerden ha`m metodları tiykarında elektron mikroskopiya, spektraskopiya, rengenostruktura analizi, kletkanın` molekulyar ha`m submolekulyar da`rejede u`yreniw mu`mkinshligin beredi. Bioximiya ha`m biofizika metodları tiykarında ta`jiriybeler o`tkiziw na`tiyjesinde zat almasıwdı a`sirese belok biosintezinin` mexanizmi ashıp berildi, fotosintez sırları ashıldı. Gennen tiykarı DNK ha`m RNK strukturası, funktsiyası (ayan boladı) belgili boladı, aminokislotalardın` genetik kodı ashıp berildi.

İlimpazlardın` dıqqat-itibarı turmıs ha`diyselerinin` negizin anıqlawg`a, zat almasıw, tuqım quwıwshılıq ha`m o`zgeriwshen`likti basqarıwdın` tu`rli usılların islep shıg`arıwg`a qaratılg`an.

Kletka ha`m onın` organoidlarında bolatug`ın ko`p protsesslerdin` fizikalıq-ximiyalıq ha`m biologiyalıq negizin ashıp bergen ilim jetiskenlkleri tirishilik protsesslerdin` barıwına aktiv tu`rde aralasıwı imkaniyatlar bermekte. Biologiya pa`ni-nin` jetiskenlikleri meditsina aldına rak, virus, ju`rek, qantamır ha`m basqa

kesel-liklerdi emlew sıyaqlı wazıypalardı qoymaqta ha`m bul kesellikler a`ste aqırınlılıq penen o`z shıpasın tappaqta.

Bionika organizmlerdin` morfologiyalıq ha`m funktsionallıq beyimlesiwlerin injenerlik ma`selelerin sheshiw barısında anıqlaydı ha`m analizleydi. Ma`selen: seziw organları ju`da` kishkene bolg`an shıbın-shirkeyler, tez ha`m ko`p ha`reketlenip energiyanı az sarıplawı, tez ta`sirleniwi tallawshan`lıg`ı ha`m o`z-o`zin basqara alıwı sıyaqlılar ilimpazlardın` dıqqatın tartadı ha`m texnikag`a qollaw usılları haqqındag`ı ideyalardın` payda bolıwına sebepshi boladı.

Ha`zirgi waqıtta ju`da` ko`p qurılmalar haywanat ha`m o`simlikler du`n`yasının` du`zilisine tiykarlang`an halda islep shıg`ılg`an (Aminov., Tilovov, 2002).

Tirishilik protsesslerdi basqarıwda fiziologiyalıq aktiv zatlardın` roli og`ada ku`sheyip barmaqta. Sonın` ushın biologlar biologiyalıq aktiv zatlar gormonlar, vita-minler, antibiotikler, beloklardı payda etetug`ın mikroorganizm shtammların jara-tıp gen ha`m kletka injenerligi usılların qollap insaniyat ushın za`ru`r bolg`an zatlardı sintezlep almaqta. Bug`an mısal etip ha`zirgi waqıtta ishek tayaqshası bak-teriyası genotipine insulip sintezin basqarıwshı gendi kiritiw arqalı insulindi sintezlew jolg`a qoyılgan. Bul protsesslerde biotexnologiyada ken` qollanılmaqta.

Ha`zirgi waqıtta insaniyat, zamanago`y genetika ha`m biotexnologiya jetisken-liklerine su`yenip belgili bolg`an mikroorganizmlerdin` shtammların jarata alatug`ın boladı. Mikroorganizmlerden ha`m haywanlar ushın za`ru`r bolg`an vitaminler, antibiotikler ha`m basqa gormonlardı islep shıg`aradı. Bul biopreparatlardı sanaat usılında islep shıg`ıw jolg`a qoyılıp, haywanlar o`nimdarlıg`ın arttırıw, o`sim-liklerdin` keselliklerge shıdamlılıg`ın asırıw usılların qollanıp paxta qurtına shıdamlı g`oza ha`m kolarada qon`ızına shıdamlı kartoshka sortı jetilistirilgen (Otoyev, Nabiyev, 1995; Ergashev, 2005).

Mektepte biologiya kursın u`yreniwdi tuwrı jolg`a qoyılg`anda, ol mektepti tamamlap shıqqannan keyin ha`m g`a`rezsiz tu`rde mag`lıwmat alıw jolı menen bilimlerdi tınbay jan`alap barıw za`ru`rligin payda etedi ha`m rawajlandıradı.

Ha`zirgi zaman adamları o`zinin` o`miri, tiri ta`biyat tuwralı ilimiy bilimlerisiz ko`z astına keltire almaydı. Sebebi onın` tirishiligi o`simlikler ha`m haywanat du`n`yası menen baylanıslı, lekin o`simlikler – jerde organikalıq shiyki zat ha`m energiya alıw deregi ha`m haywanat du`n`yası o`z na`wbetinde ha`r tu`rli azıq-awqat ha`m sanaat shiyki zatının` deregi bolıp xızmet etedi. Ta`biyiy baylıqlardan aqılg`a say paydalanıw ha`m olardı ko`beytiriw xalıq ha`m ma`mleket abadanshılıg`ın joqarıg`a ko`teriw ushın xızmet etedi.

Durıs jolg`a qoyılg`an biologiyalıq ta`lim ilimiy du`n`yag`a bolg`an ko`z-qarasta ta`rbiyalawg`a mu`mkinshlik beredi. Oqıwshılar, biologiyalıq ta`lim alıp, ta`biyat faktlerin ha`m ha`diyselerin teren` tu`rde tu`siniwdi u`yrenedi.

Biologiyalıq ta`lim jas a`wladlardı estetikalıq jaqtan ta`rbiyalawg`a ja`rdem beredi. A`jayıp sulıwlıq jas ruwxtın` rawajlanıwına u`lken da`rejede ta`rbiyalıq ta`sir ko`rsetedi, pedagogtın` ta`siri og`an ten`lese almaydı. Biologiyanı u`yreniwde estetikalıq ta`rbiyag`a barlıq oqıw ta`rbiya protsessinin` ajıralmas bo`limi dep qaraladı. İlmiy an`law estetikalıq qabıl etiw ha`m emotsiyalardı o`z ishine aladı.

Biologiyalıq ta`lim insannın` qa`lbi ha`m aqılına jaqsı ta`sir etiw onın` menen jaqınıraq tanısıp atırg`an adamg`a ju`da` u`lken quwanısh bag`ısh etedi. Ta`biyatlıq qurallar menen estetikalıq ta`rbiyasına ko`meklesedi.

Ta`biyattı su`yiw-u`lken ha`m quramalı sezim bolıp esaplanadı. Ol joqarı pa`k ko`kirek qa`lip, sana-sezimlerdi o`zine qamtıydı. Sonday-aq, adamnın` sanalı ruwxıy o`mirinin` tiykarg`ı ta`repin ja`mlestiredi. Bul sezim ha`r ta`repten patriotlıq sezimlerine sa`ykes keledi. Ana ta`biyatta bolg`an muxabbat penen birge jas a`wladqa ana u`lkege ana watang`a, bolg`an mehir o`sedi. Ol balalıqta, yag`nıy mektep da`wirinde payda boladı. Er jetiw ha`m jetiklik mehir muxabbattı biliwge alıp keledi ha`m onı bekkemleydi (Otoyev, Nabiyev, 1995; Ergashev, 2005).

Biologiyalıq ta`lim pu`tkil jas a`wladtı ta`biyatqa tuwrı mu`na`siybette bolıwg`a alıp keledi. Og`an bolg`an ta`sirshen` muxabbattı ta`rbiyalaydı, ta`biyattın` sulıwlıg`ın seziwden tısqarı onı qorg`awdı, abaylap asırap saqlawdı, ta`biyat baylıqların o`z qolları menen jaratıw ha`m ko`beytiwdi u`yretedi.

Bulardın` ha`mmesine biologiyalıq nızamlıqlardı teren` tu`rde o`zlestirgende g`ana erisiwi mu`mkin.

**Ta`lim-ta`rbiyanı qa`liplestiriwde o`zine ta`n o`zgeshelikleri**

Biologiyanı oqıtıw metodikası biologiya pa`ni menen u`zliksiz baylanısta. Ol biologiyalıq pa`nlerdin` barlıq tarawların, botanika, zoologiya, adam anatomiyası ha`m fiziologiyası, tsitologiya, bioximiya, embriologiya, sistemalıq, ekologiya, evolyutsiyalıq taliymat, antropologiya, molekulyar biologiya pa`ninin` tiykarlanıp o`zinde sa`wlelendiredi.

Tiri ta`biyat wa`killerinin` sırtqı, ishki du`zilisin tirishiliktin`, sırtqı ortalıq penen bolg`an baylanısın durıs tu`sindiriw o`simlik zamarrıq, haywan mikroorganizmlerdi anıqlaw. Olardan mikro ha`m mikropreparatlar tayarlaw, olardın` u`stinde baqlaw o`tkeriw, ta`jiriybe alıp barıw, solay etip, oqıtıwshıdan jaqsı teoriyalıq bilim, a`meliy tayarlıqlar talap etiledi. Lekin, mektep biologiya oqıw pa`ni menen biologiya pa`ni arasında za`ru`r parqlar barlıg`ın oqıtıwshı jaqsı biliw kerek. Biologiya pa`ninin` tiykarg`ı maqseti tiri ha`m ol ta`biyat tuwralı izertlew o`tkiziwi arqalı jan`a bilimlerdi payda etiw bolsa, mektep biologiya oqıw pa`ninin` maqseti, okıwshılardın` jasına say ra`wishte olarg`a biologiyalıq bilimlerdi, yag`nıy biologiyalıq tu`sinikti nızamlardı, teoriyalardı be-riwden bilimleri ha`m onı tu`sindiriwden ibarat. Mektep biologiya kursında pa`n emes, ba`lkim pa`n tiykarları okıwshılar ushın kerekli tiykarg`ı mag`lıwmatlar toplang`an. Sonın` menen birge mektep biologiya kursı «kishi pa`n» emes, ba`lkim oqıwshılardın` rawajlanıwına ha`m ta`rbiyasına ja`rdem beretug`ın biologiyanın` tiykarg`ı tu`sinikler sisteması bolıp esaplanadı.

XX-a`sirdegi biologiyanı oqıtıw metodikasına V.V. Polovtsev u`lken u`les qostı.1907-jılı (Ta`biyattanıwdın` ulıwma metodika tiykarları) kitabın baspadan shıg`arıp, onda metodikag`a tiyisli bilimler sistemasın do`retti. Polovtsev sabaqlıqqa kirgizilgen oqıw material mazmunı birinshiden forma menen funktsiyanın` birligine, ekinshiden o`simlik ha`m haywanlar tirishiligi, olardın` jasap atırg`an ortalıg`ı menen baylanıslı halda u`yreniliwine, u`shinshiden bay biologiyalıq mag`lıwmat beretug`ın organizmlerdi u`yreniwge tiykarlanıwı

kerekligin aytadı. Bul protsesste alım a`meliy shınıg`ıwlar, ekskursiyalar u`lken a`hmiyetke iye ekenligin ko`rsetip o`tedi. V.V. Polovtsev birinshi ma`rtebe ilim menen oqıw pa`ni arasındag`ı ayırmashılıqtı ashıp beredi ha`m bul tarawdı izertlew jumısların alıp barıw kerekligin aytadı. Ta`biyattanıw metodikası tariyxında V.V. Polovtsev ekologiyalıw bilimlerdi de tarqatqan ilimpaz sıpatında joqarı bahalanadı. 1917-jıldan baslap ta`biyattanıw pa`ni biologiya pa`ni dep atala basladı. Bul da`wirde Moskva ha`m Peterburg metodistleri biologiyanı oqıtıw bilim da`rejeni asırıw onın` ta`lim-ta`rbiyalıq a`hmiyetin o`lshep beriwge ha`reket qıldı. 1920-1930 jılları arasında biologiyanı oqıtıwdın` tiykarg`ı mashqalası bolıp teoriya ha`m a`meliyattın` birligin ja`riyalaw bolıp esaplanadı.

Bunı a`melge asırıw ushın bilimler ha`m ko`nlikpeler yag`nıy oqıw materialı oqıw pa`nlerine bo`listirilmey ba`lkim jıl ma`wsimlerin itibarg`a alıp a`hmiyetli temalarg`a, ma`selen (Ta`biyat), (Awıl menen qalanın` baylanısı), (Jerdegi tirishilik ha`m tirishilik protsesslerinin` fizikalıq-ximiyalıq tiykarları}, {Egiw ha`m o`simliklerdi ku`tiw} sıyaqlı temalarg`a bo`listirgen edi. Bunday kompleks bag`darlamalar ta`biyiy ra`wishte oqıwshılarg`a sistemalı bilim bere almas edi, sog`an qarap oqıw materiallıq laboratoriya metodı tiykarında u`yreniw tarqatıla baslandı. Na`tiyjede oqıwshılar klass sabaqlarının` ornına ta`biyattı baqlaw, ta`jiriybe o`tkiziw menen shug`ıllana basladı. Laboratoriya metodı oqıw da`stu`rinin` tiykarg`ı maqseti, ta`biyat ja`miyet kompleksin u`yreniwden ibarat bolg`an. Bul kompleks oqıw da`stu`rleri mekteplerde oqıtılatug`ın oqıw pa`nleri arasındag`ı tosıqtı biykarlawg`a qaratılg`an edi. Biraq bunday kompleks oqıw da`stu`rleri oqıwshılarg`a sistemalı bilimler bere almaslıg`ı tez ma`lim bolıp qaldı. Sonın` ushın 1931-jıldan baslap hu`kimet qararı menen baslang`ısh ha`m orta mektepler ashıla basladı ha`m ta`lim beriwdin` tiykarg`ı sho`lkemlestirgen forması sabaq bolıwı kerekligi aytıldı. Sol waqıttan baslap mekteplerde botanika, zoologiya, Adam anatomiyası, fiziologiyası, darvinizm oqıw pa`nleri mektep rejesine kirgizildi ha`m usı oqıw pa`nler boyınsha oqıw da`stu`rleri ha`m sabaqlıqları do`retildi ha`mde mekteplerge ja`riyalandı.

Biraq 1964-jılı mektep sabaqlarındag`ı bilimler biologiya pa`ninin` 1930-40 jıllardag`ı rawajlanıw jag`dayın ashıp berdi.

Didaktikanın` ilimiylik printsipinen ko`re mektep oqıw pa`nleri o`z mazmunınan ko`re pa`nnin` reytingi utısların o`zinde belgilewi lazım edi. Rossiya ha`m O`zbekstanda shıg`arılg`an biologiya sabaqlıqlarının` biologiya pa`ni jetiskenliklerine artta qalg`anlıg`ına tiykarg`ı sebep sol 1935-1965 jılları biologiya pa`ninde kirgizilgen pa`n, ha`m ilim jetiskenliklerin ta`n almadı ha`m olardı burjuaziya ilimpazlarının` ashqan jan`alıqları, olar ideyalıq jaqtan bizin` du`n`yag`a bolg`an ko`z-qaraslarımızg`a qarata qarsı ba`ha`ne menen biologiya pa`ninin` son`g`ı jetiskenliklerinin` sabaqlıqlarınan orın alıwg`a tosqınlıq qıldı. Tek 1964-jılı oktyabr` ayında akademik Lisenko shaxsg`a sıyınıw buzılg`annan keyin mekteptegi barlıq biologiyalıq da`stu`r ha`m botanika, zoologiya, Adam anatomiyası, fiziologiyası, ulıwma biologiya, sabaqlıqları mazmunın genetika, ekologiya, tsitologiya, bioximiya, molekulyar biologiya ha`m sol sıyaqlı pa`nlerdi son`g`ı jetiskenlikleri kirgizildi. Jan`a sabaqlıq penen birge olar oqıtıw metodikasına tiyisli qollanbalardı baspadan shıg`ardı.

Bulardın` qatarına professor P.İ. Borovitskiy redaktorlıg`ı astında shıqqan (Biologiyanı oqıtıw metodikası) M. 1862**,** prof. B.B. Vsesvyatskiy (Biologiyanı oqıtıw ulıwma oqıtıw metodikası) M.1900**,** N.M. Verzilin ha`m V.M. Korsunskayalardın` (Biologiyanı oqıtıwdın` ulıwma metodikası) M.1983, prof. İ.N. Ponamareva redaktorlıg`ı astında 2003 jılı baspadan shıqqan (Biologiyanı oqıtıwdın` ulıwma metodikası) sıyaqlılardı kirgiziw mu`mkin.

O`zbekstanda burıng`ı quram orayında baspadan shıqqan sabaqlıqlar ja`riyalang`an ha`m ondag`ı ko`p g`ana oqıw materiallar tanıs emes bolg`anı sebepli, oqıwshılardın` bilim da`rejesi pa`s edi. Sol sebepli respublika metodisti ilimpazlardın` itibarı mektep botanika, zoologiya, ulıwma biologiya sabaqlarında jergilikli materiallardan paydalanıw mashqalasın sheshiwge qaratıldı. (E.M. Belskaya, A.E. Suxarev, A.T. Gafurov). Sonın` menen bir waqıtta botanika, zoologiya bilimlerin mektep ta`jiriybe jer jer maydanısında ha`m (tiri mu`yeshte) janlı mu`yeshte alıp barılatug`ın a`meliy jumıslar menen baylanıstırıw ma`seleleri

izertlendi. (M. Jabbarov, T. İsxakov, X. Shokirov). 1961-jılı Nizomiy atındag`ı Tashkent Ma`mleketlik pedagogika institutı (ha`zirgi pedagogika universiteti) de «Biologiyanı oqıtıw metodikası» kafedrası sho`lkemlestirildi. Usı kafedranı sho`lkemlestirilgenligi bir ta`repten joqarı qa`nigeli metodist ilimpazlardı tayarlawg`a, ekinshi ta`repten biologiyanı oqıtıwdan tu`rli temalar boyınsha ilimiy izertlew islerin alıp barıwg`a mu`mkinshilik jarattı.

Biologiyanı oqıtıw metodikası kafedrası tek O`zbekstan ushın emes ba`lkim qon`sılas Qazaqstan, Tu`rkistan, Ta`jikistan, Qırg`ızstan respublikaları ushın da 15 ten artıq joqarı qa`nigege metodist ilimpazlar ilim kandidatların jetistirip berdi. Metodist ilimpazlardan İ.A. Karbekov, M. Maxkamov, K.T. Gafurov, botanika, zoologiya pa`ninen oqıtılatug`ın ekskursiyalardın` tu`rleri, olardı o`tkiziw metodikası, onda oqıwshılar ta`repinen alıp barılatug`ın baqlawlar, ta`jiriybelerdi sheshti.

Mektep botanika kursın oqıtıwg`a bolg`an didaktikalıq studentler botanika sabaqlarınan oqıwshılardın` biliw iskerligin aktivlestiriw ma`selelerin E.M. Belskayanın` {Botanika didaktikası} qollanbasında o`z sa`wlesin taptı. M. Artiqov bolsa onın` mekteplerde o`tkizgen ta`jiriybelerine tiykarlanıp biologiya sabaqlarında ekran quralları (oqıw fil`mleri, diafil`mler, diopazitivler) den paydalanıw oqıwshılar-da biologiyalıq oqıw materialın o`zlestiriwge bolg`an qızıg`ıwın arttırıwg`a, olardın` biliminin` bekkem bolıwında ayrıqsha a`hmiyetke iye ekenligin sıpatlap berdi. J. Tolipov sabaqları ha`r tu`rli qılıw tarditsiyalıq emes sabaqlar (seminar, konferentsiya mashqalalı diskussiyanı) o`tkiziw oqıwshılardın` biliw iskerligin ha`reketke keltiriwde, g`a`rezsizligin rawajlandırıwda, puxta bilim iyelewlerinde u`lken rol` oynawın ko`rsetip berdi. Mekteptegi bilimler tu`siniklerden payda bolg`an. 1950-jıllardan baslap N.M. Verzilin baslı bir topar rus metodistleri qa`siyetin biologiyalıq tu`siniklerdi izertledi. Olardan parıqlı ra`wishte 1970- jıldan baslap A.T. Gofurov ulıwma biologiya tu`siniklerin (kletka), (zat ha`m energiyanın` almasıwı), (tuqım quwıwshılıq ha`m o`zgeriwshen`lik), (organikalıq du`n`ya evolyutsiyası) sıyaqlı tu`siniklerdi oqıwshılar qalay o`zlestiriw tuwralı baqlaw ha`m bul tarawda (ulıwma biologiya tu`siniklerin

qa`liplestiriw) degen temada oqıw metodikalıq qollanba do`retti. Adam anatomiyası ha`m fiziologiyası oqıw pa`ni boyınsha laboratoriya jumısların alıp barıw tuwralı A.M.Qadirovtın` oqıw qollanbası mektepler turmısında ken` qollanılmaqta. Jergilikli materiallarg`a tiykarlang`an halda klasstan tıs jumıslardı qanday formada, mazmunda o`tkiziw kerekligi A.T. Gafurov, S.K. Xabirovlardın` qollanbasında ashıp berilgen. Qollanbada ayırım oqıwshılar toparı ha`mde ulıwmalıq tu`rde sho`lkemlestiriletug`ın klasstan tısqarı jumıslardın` tu`rleri, olardın` mazmunı ha`m o`z-ara baylanısı, mekteplerde o`tkizilgen pedagogikalıq ta`jiriybeler tiykarında ashıp berilgen. Keyingi waqıtlarda ekologiyalıq ten`-salmaqlılıqtın` buzılıwı sebepli suw, hawa, topıraq, ha`r tu`rli shıg`ındılar menen pataslanıwı artıp barmaqta. Bul bolsa o`z na`wbetinde o`simlikler ha`m haywanlar, adamlar o`mirine qa`wip bolmaqta. Usı orında mekteplerde alıp barılatug`ın ekologiyalıq ta`lim ta`rbiyag`a a`hmiyet beriw kerekliligin ko`rsetedi. Usı ma`selelerdin` a`hmiyetliligi itibarg`a alıp A.T. Gafurov, O.N. Nosirov mekteplerde oqıtıwshılar menen birge islesiwde o`tkizilgen ta`jiriybelerge tiykarlanıp (Mektep biologiya kursında ta`biyattı qorg`aw tu`sinigin formalandırıw) M. Nishanbaeva (Mektepte ekologiyalıq ta`lim-ta`rbiyanı a`melge asırıw) sıyaqlı qollanbaları basılıp shıqtı.

Mektep biologiya kursın oqıtıwdag`ı maqset oqıwshılardı tek bilimler menen emes, sonın` menen bir qatarda olardı oqıw ko`nlikpe ha`m qa`nigeleri payda etiwden ibarat. Bul tarawda laboratoriya jumısların alıp barıw za`ru`r dep sanaladı. Sonı itibarg`a alg`an halda A.M. Qadirov (Adam fiziologiyasına laboratoriya jumısları), A.M. Qadirov, Q. Haydarov (Biologiyanı oqıtıw metodikasınan laboratoriya jumısları) sıyaqlı qollanbalardı baspadan shıqtı.

G`a`rezsizlik jıllarında respublika metodistlerinin` dıqqat itibarı oqıwshılardın` biliw iskerligin ha`reketke keltiriw ma`selesine qaratıldı. Bul orında biologiyadan traditsiyalıq emes sabaqlar o`tkiziwge (birge islesiwde oqıtıw konferentsiya sabaqları moduli ta`lim h.t.b.) qaratıldı. (J. Tolipova, A.T. Gafurov, 2005).

Respublikamızdın` metodistleri biologiyanın` tek ulıwma oqıtıw metodikası menen emes, ba`lkim jeke metodika menen de shug`ıllana basladı. (J. Tolipova h.t.b.).

Mektep biologiya kursında shet tillerden alıng`an ko`p g`ana atamalar bar. Usı atamalardın` tu`k mag`anasın biliw biologiyalıq bilimlerdi o`zlestiriwge jaqınnan ja`rdem beredi. O`zbek biologiya ilimpazları botanika, fiziologiyalıq, biologiyalıq atamalardın` tu`sindirme so`zlik du`ziwge eristi. (M. Nabiev, Sh. Qurbanov, A. Zikiryaev, S.S. Fayzullaev). Usı tu`sindirme so`zlikti paydalanıw oqıwshılardın` bilimin sanalı bolıwda ayrıqsha na`tiyje beriwide anıq.

# 3 BAP. BIOLOGIYALIQ SANANIN` QA`LIPLESIWINDE PSIXOLOGIYALIQ O`ZGESHELIKLER

Ha`zirgi kunde global ekologiyalık apatshılıqlardın aldın alıw ha`m sebeplerin sheshiw ja`miyettegi ekologiyalıq sanag`a baylanıslı bolıp turıptı, onın` maksetke muwapık ka`liplesiwi bolsa ta`lim sisteması aldında turg`an pedagogikalıq mashqalalardan biri esaplanadı. Bul tarawdag`ı tiykarg`ı juwapkershilik ulıwma bilimlendiriw mekemelerindegi oqıtıwshılar iskerligine tikkeley baylaınslı. Biologiyalıq bilim ha`m ta`rbiyanın` ja`nede ken`irek jolg`a qoyılıwı bolsa oqıtıwshılardın` pedagogikalıq sheberligin talap etedi. Bugingi kunde okıtıwshılar biologiyalıq bilimlerden jeterli da`rejede xabardar emesligi, biologiyalıq iskerlikti jedel alıp barıw haqqında mag`lıwmat beriwshi ilimiy-metodikalıq qollanba ha`m metodikalıq ko`rsetpeler, usınıslar menen tolık ta`miyinlenbegenligi jag`daydı ja`nede quramalastıradı.

A'sirese ulıwma bilimlendiriw metkepleri oqıtıwshılarında biologiya pa`ni tek biologiya pa`nlerinin` ishinde o`tilmekte. Oqıwshılarda biologiyalıq sana psixikalıq nızamlıklar, mexanizmler ha`m diagpostika metodların «ta`biyat a`lemine» salıstırg`anda jeke muna`sibetler qa`liplesiwin, psixodidaktik usıllar ha`m biologiyalık ta`lim metodların, immitatsion oyın metodların, sotsial-psixologiyalık treninglar ha`m baskalardı o`z ishine aladı. Demek okıtıwshıda biologiyalık sananın du`zilmelerin ha`m kqysı forması ko`birek bar ekenigin anıklaw, sol tiykarda biologiyalık sana formalarının rawajlanıwın mexanizimlerin anıklaw yag`nıy ta`biyat obektlerin estetik o`zlestitiw, etikalıq o`zlestiriw, ta`biyat penen baylanıslı biliw iskerligi motivatsiyası ha`m sırtkı ortalıg`ın ta`biyatqa o`zinin` sub`ktiv muna`sibetlerine muwapık halda o`zgertiwge bag`darlang`an iskerlik da`rejesin diagnostika etiw usı kundegi en` ma`selelerden biri esaplanadı.

Biz o`z izertlewimizde Qarakalpaqstan Respublikasında jasap iskerlik ko`rsetip atırg`an okıtıwshılardın` biologiyalık sanası qa`liplesiwinin psixologiyalık ta`replerin uyreniw arqalı adamlarg`a qorshag`an ortalıqtag`ı biologiyalıq faktorlardın` ta`sir etiwi protsessinde adamnın ta`biyatqa bolg`an

qatınasları arkalı onın` ku`ndelik, a`dettegi  biologiyalık sanası qa`liplesip barıwın anıqladıq.

A`dettegi biologiyalık sana bul jeke shaxs yamasa topardın` o`zi jasap kiyatırg`an, sonın` menen birge ko`binese keri ta`sirler na`tiyjesinde buzılıslarg`a ushırap baratırg`an  biologiyalık ortalıqqa ko`nigip ketiwi ha`m bunın` na`tiyjesinde biologiyalıq bag`dardag`ı iskerliktin pa`seyiwi  egoistlik biologiyalıq sana formasın keltirip shıg`aradı.

Egoistlik ekologiyalık sanada bolsa, insannın` ta`biyat penen bolatug`ın qatnasları ha`m  ekologiyalık  minez-kulıqta ko`rsetilgen ha`reketleri tek o`zinin muta`jliklerin ta`miyinlewge qaratılg`anlıg`ında ko`rinedi. A`dette bunday egoistlik ekologiyalık sana, ja`miyet  ha`m ta`biyatka zıyan keltiriwi ta`biyiy.

Okıtıwshılarda qa`liplesken da`stu`riy biologiyalık sana qa`siyetleri kelip shıg`ıwına bir qansha faktorlar ta`sir etedi. Oqıtıwshının` psixologiyalıq zorıg`ıwı, qa`ueterleniwleri ta`biyat ob`ektlerine bolg`an sub`ektiv muna`sibetlerdi qa`liplestire almaydı, ma`qsetke muwapıq ekotsentrik tiptegi biologiyalık sana qa`liplesiwine tosıq boladı. Oqıtıwshı sırtqı ortalıktı sub`ektiv basqarıwdın` mazmunı oqıtıwshının` biologiyalıq sanası, biologiyalıq ma`deniyatın, biologiyalıq ma`nawiyatın, biologiyalıq juwapkershiligin bildiredi.

Oqıtıwshılardın` qorshag`an ortalıqtı sub`ektiv basqarıwın u`yreniw protsessinde olardag`ı unamsız psixologiyalıq qa`siyetlerine tiykarınan biologiyalık is ha`reketlerinin` itibarsızlıg`ı, ekologiyalık jag`daylarg`a biyparwalıg`ı esaplanadı.

Bul keltirilgen qa`siyetler oqıtıwshının` ta`biyatqa bolg`an qatnasların muna`sibetinde ko`rinedi, oqıtıwshılarda qa`liplesip atırg`an  biologiyalık minez-qulqının` emotsionallıq ha`m psixologiyalıq  o`zgerisleri jag`dayları menen harakterlenedi.

Oqıwshılardın` bunday pikirlewinde joqarıda keltirip o`tken biologiyalık iskerligi to`men ha`m biologiyalık tuskinlikke berilgen jag`daylarınan to`mendegishe juwmaq shıg`arıwımızg`a boladı. Oqıtıwshı ta`biyiy ortalıqtı sub`ektiv basqarıwda o`zi jasap atırg`an sırtqı ortalıq haqqındag`ı bilimlerin biliw

iskerligin asırıwımız, barlıq ta`biyat ob`ektlerin sub`ektiv basqara alıwı, ta`biyat ha`m adamlar arasında qatnastı jetilistirip barıw ha`m rawajlandırıw kerek.

Demek, bunday ko`birek oqıtıwshının` sırtqı ortalıqqa baylanıslı psixologiyalık qa`siyetlerden kelip shıg`ıp biologiyalıq bilim ha`m ta`rbiya isi mazmunın payda etiwge de itibar qaratqan halda rawajlandırıwdı talap etedi.

Əsirese oqıtıwshlardın` mektepte oqıwshılar, pedagogikalık ja`miyet, ata-analar menen biologiyalıq shınıg`ıwlar ha`m ta`lim- ta`rbiyalıq kesheler alıp barıw boyınsha is-ilajları, usılların iyelewleri ha`m olardı a`melde qollanıw, sonday-aq, oqıtıwshı o`z do`retiwshilik oy-o`risin rawajlandırıwg`a itibar qaratıwı, insan ha`m ta`biyat ortasındag`ı sho`lkemlestirilgen iskerliktin` na`tiyjesin aldınnan ko`re biliwi lazım.

Ulıwma aytqanda biologiyalıq qısqa kurslar yaki seminar-treningler, biologiyalıq konferentsiyalar, seminar, disput, viktorina, sa`wbet, lektsiya, referat, isshen`lik oyınları ha`m sol sıyaqlı shınıg`ıwlardı sho`lkemlestiriw oqıwshılarda biologiyalıq sananın` qa`liplesiwinde a`hmiyetli esaplanadı.

Biologiyalık- psixologiyalıq ta`lim protsessinde oqıwshılardın` erkin pikirlew da`rejesin rawajlandırıwda oqıtıwshının` roli ahmiyetliligi onın` o`zi ustinde islewge jan`alıqlarg`a intiliwi ha`m izleniwine iytermeleydi. Mektep basqarması, oqıtıwshılar ha`m psixologlar bolıwı mumkin bolg`an ha`r qanday biologiyalıq o`zgerislerge psixologiyalıq jaqtan ilimiy-a`meliy tayarlıq ko`rip barıwları ma`xsetke muwapıq.

# 4 BAP. MEKTEPLERDE BIOLOGIYANI OQITIWDA INTERAKTIV METODLARDI QOLOLANIW BOYINSHA USINISLAR

O`zbekstan Respublikasi demokratiyalıq, haqıqıy ha`m puharalıq ja`miyet qurıw jolınan baratırg`an bir waqıtta ta`lim tarawında a`melge asırılıp atırg`an o`zgerislerdin` bas maqseti ha`m ha`reketke keltiriwshi ku`shi ha`r ta`repleme rawajlang`an jetik insandı ta`rbiyalawdan ibarat.

Bunday juwapgershilikli wazıypanı atqarıw ushın bu`gingi ku`nnin` oqıtıw ha`r waqıttag`ıdan ham ko`birek izleniwdi, oqıwdı, biliwdi talap etedi. Sebebi texnika a`sirinin` perzetleri bolg`an bu`gingi jaslar itibarın a`piwayı, klassik usıldag`i, bir tu`rdegi sabaqlar menen itibarın qaratıp bolmaydı. Bilim, ko`nikpe, bilimin asırıwdın` ha`zirgi zaman oqıwshısı sanasına sin`diriw ushın oqıwshının` jag`dayınan kelip shıg`ıp sabaqlar, teatrlı sabaq, sızba sabaq, baxslashuv, konferentsiya sabaqları usag`an oqıwshılardı qızıqtıratug`ın usıllardan paydalanıw ko`birek na`tiyje berip atırg`anlıg`ı ko`pshilik qa`niygeler tastıyıqlap atır.

Sebebi, bu`gingi ku`n oqıwshısı televizor, radio, internet, telefon usag`an g`alaba axborot quralları ha`m baylanıs u`skenelerinen na`tiyjeli paydalanıp atır. Bunnan talabshan` oqıwshıg`a swykes bolg`an sabaqlar o`tiw bilim-ta`rbiya beriw bizin` a`hmiyetli wazıypamız.

45 minuttan ibarat bolg`an sabaq dawamında oqıtıw en` a`wele waqıttan u`nemli paydalana bilip oqıwshılardın` ilimiy du`n`ya qarasın ken`eytiriwi, ta`biyat nızamlıqların u`yretiwi, ka`sipke bag`darlay biliwi, ekologik ta`rbiya beriwi kerek boladı.

En` tiykarg`ısı go`zlegen maqsetke erisiwde jaqsı na`tiyjege erise alıwı ha`r bir oqıtıwshı sabaq temasına, oqıtıwshının` jasına, imkaniyatlarına, talapshanlıqlarına ixtiyajına qaray bir neshshe usıllardı tanlay biliwi kerek. Sonlday-aq bul usıllardı o`z orında qollansa g`ana na`tiyjege erisiledi.

**İnnovatsiya - (**inglizcha – innovation) – jan`alıq kiritiw, jan`alıq demekdur.

İnnovatsion texnologiyalar pedagogikalıq protsess ha`mde oqıtıwshı ha`m oqıwshı xızmetine jan`alıq, o`zgerisler kiritiw bolıp, onı a`melge **asırıw**da tiykarınan interaktiv usullardan paydalanıladı.

İnteraktiv («Inter» - bul o`z-ara, «act» - ha`reket etpek) – o`z-ara ha`reket etpek yamasa kim menendur sa`wbetlesiw, so`ylesiwde bolıwın an`latadı. Basqsha so`z benen aytqanda, oqıtıwdın` interaktiv usulları – biliw ha`m kommunikativ xızmetti payda etiwdin` arnawlı forması bolıp, onda ta`lim alıwshılar biliw protsessine qaratılg`anlıg`ı boladı. Olar biletug`ın ha`m oylaytug`ın na`rselerin tu`siniw ha`m pikirley alatug`ın imkaniyatqa iye boladı. İnteraktiv sabaqlarda oqıtıwshının` ornı tek sabaq xızmetin sabaq maqsetlerine jetisiwge jetilistiriwge alıp keledi.

Ha`zir biologiya pa`ninen klasslar ko`leminde elektron sabaqlıklar ha`m oqıw fil`mleri du`zilgen. Videorolikler, slaydlar, animatsiyalar ha`m bar, oqıwshı esitken mag`lıwmattan ko`re ko`rgen mag`lwmatlardı tezirek este saqlap qaladı.

Qa`sipke baylanıslı qızıg`ıwshılıqtı payda etiw oqıtıwshılardın` pedagogikalıq xızmeti menen tikkeley baylanıslı. Miynet ta`limi turmıs menen baylanıstırp, biriktirip, sabaq individual – tipologik, jas da`u`ir qa`siyetleri, imkoniyatların esapqa alıw jaqsı na`tiyje beredi. Sebebi ha`r bir qa`sip-o`ner alıwshı shaxstın` tvorchestvolıq tarpeten ozıq bolıwdı, aqıllı, ziyrek, sabırlılıqtı talap etedi. Barlıq qıyınshılıq ha`m sınawlarg`a shıdam bere alatug`ın jigit-qızlar g`ana usı tan`lag`an qa`sipke bolg`an isenimin aqlay aladı ha`m juwapkershilikli dep tabıladı. Miynet ta`limi bolsa tap usınday imkaniyatqa iye. Ta`limdi aqılg`a ug`ras, optimal jolları usılları menen shın kewli menen alıp barıw tu`rli jasdag`ı mektep oqıwshılarında miynetke sanalı qatnasta formalandıradı, qa`sip-o`nerge qızıg`ıwshan`lıg`ın artıradı. Bunda ha`r bir pa`n oqıtıwshısının`, sonın` ishinde, biologiya pa`ni oqıtıwshılarının` ha`m roli ha`m ornı u`lken esaplanadı. Jaslardı ta`biyatga mehirli, muxabbatlı ta`rizde ta`rbiyalaw tek g`ana ermek ushın emes, bul hu`kemet a`hmiyetine iye bolg`an aktual ma`sele esaplanadı.

Biz salamat, aqıllı, miynet su`ygish, qa`lbi pa`k, bilimli insanlardı ta`rbiyalap o`sirip alg`anımızda g`ana keleshekgimiz jarıq boladı.

Ekologiyalıq bilim protsessinde jaslar ta`biyat qublısların, ta`biyat ob`ektlarinin` bir-biri menen baylanıslılıg`ın, birgelikligin, ta`biyat menen insan arasındag`ı qatnas baylanıslar sonday a`hmiyetke iye ekenligin tu`sinip jetedi. A`sirese, ekologiyalıq nızamlıqlardı teren` o`zlestiredi ha`m olarg`a boysınıw kerekligin ta`biyatqa qatnasın o`zgertedi, olardı qorg`awg`a asırawg`a bag`darlanadı.

O`tilip atırg`an sabaq qanshama qızıq ha`m mazmunlı bolıwınan basqada ha`zirgi zaman talabına say bolg`an laboratoriya u`skenelerinen paydalang`an halda a`meliyat penen baylanıspasa, onın` ta`siri bolmaydı. Oqıwshının` yadında kalıwı ha`m qıyın boladı. Biologiya pa`nin oqıtıwda panler ara baylanıslarg`a itibar qaratıw kerek. Biologiya pa`ninin` ximiya, fizika ha`m matematika pa`nlerinen tıs gumanitar pa`n`nlerge ha`m baylanıslı ta`repleri bar. Ma`selen, botanika, zoologiya pa`nlerin oqıtıwda maqal ha`m jumbaqlardan paydalanıw jaqsı na`tiyja beredi.

Juwmaqlap aytqanda ullı babamız M.Bexbudiydin` to`mendegi qatarların keltirip o`tpekshimen: «Du`n`yada turmaq ushın du`n`ya ilim ha`m pa`ni lazımdur, zamanalıq ilim ha`m pa`ninen biyxabar millet basqalarg`a paymal bolar».

O`zbekstan Respublikasında «Ta`lim haqqında nızam» ha`m «Kadrlar tayarlaw Milliy Da`stu`ri» o`zinin` joqarg`ı juwmaqlanıwshı basqıshına o`tti. Erisilgen jen`isler ha`m islew, jaqsı pikir ju`rgize alıwı, mashqalalardı o`zleri kemshilikler analiz etiw, o`zgerislerler kiritiw dawam etpekte. Ta`lim sistemasının` qayta qurılıwı, MTSnın` engiziliwi, jan`a pedagogik texnologiya ha`m axborot texnologiyalarının` qollanılıwı bu`gingi ku`nde o`z na`tiyjelerin ko`rsetip atır. Oqıwshı ha`m talabalardın`g sabaqlık, qollanbalar menen o`z-betinshe sheshe alıwg`a alıp kelmekt. Oqıtıwının` u`azıypası sabaqlarjı jan`a pedogogik ha`m axborot texnologiyaları tiykarında sho`lkemlestriwi oqıwshılarda sabaqlıq, kollanba, a`debiyatlar menen ishlew, mashqalalardı sheshiwde o`zine isenim payda etiw bilimleri asırıwdı formalandırıwdan ibarat.

Bunnan 3500 jıl aldın Konfutsiy «esitkenimdi yadımnan shıg`araman, ko`rgenimdi eslep qalaman, o`z-betinshe orınlasam tu`sinip jetemen», degen eken.

Dursındada axborotlar globallasqan da`wirde ta`lim-tarbiya tarawında axborot texnologiyalardan paydalanıw ha`zirgi ku`nnin` aktual ma`selelerinen biri esaplanadı. Sonın` ushında, ta`limde axborot xa`mde pedagogikalıq texnologiyalardı kollang`anda talabalar esitiwi, ko`riwi ha`m ko`rgenleri tiykarında o`zbetinshe pikirley alıw imkoniyatlarına iye boladı.

Oqıtıwdın` axborot texnologiyaları degenimizde arnawlı texnik axborot u`skeneleri (EEM, audio, kino, video)dan paydalanatug`ın barlıq texnologiyalar tu`siniledi. Komp`yuterler ta`limde ken` kollanıla baslag`an da`**wirde** «oqıtıwdın` jan`a axborot texnologiyaları» degen atama payda boldı.

Ulıwma aytqanda, ha`r qanday pedagogik texnologiya – bul axborot texnologiya esaplanadı, sebebi oqıtıwdın` texnologiyalıq tiykarı axborot ha`m onın` ha`reketi turadı. Sonın` ushın komp`yuterden paydalanatug`ın oqıtıw texnologiyasın komp`yuterli texnologiya dep ataw durıs boladı.

Ta`biiy pa`nler solar qatarında biologiyanı oqıtıwda axborot texnologiyalardan paydalanıw ushın pa`nnin` o`zine ta`n bir qatar qa`siyetlerin itibar qaratılıwı lazım.

Biologiya sabaqlarında xabar texnologiyalarınan paydalanıw arqalı oqıwshılarda oqıw motivlerin rawajlandırıw, tabakalashtirilgan ta`limdi sho`lkemlestiriw, sabaq o`zlestirgen bilimlerin qadag`alap barıw ha`m olardı analizlewde waqıttan utıw, **na`tiyjelerd**i kayta islew ha`mde teren` tez ha`r bir u`yreniwshige jetkeriw, sonın`day bilim alıwshılardın` o`zbetinshe ha`m unamli izleniwlerin sho`lkemlestiriw mu`mkin.

Bologiyanı oqıtıwda paydalanatug`ın axborot texnologiyaları **to`mendegi** wazıpalardı orınlaydı:

1.Ta`limiy wazıypası - axborot texnologiyaları oqıwshılarda jetispey atırg`an bilimlerin toltıradı, olarg`a za`ru`r bolg`an tayanısh bilim ha`m xızmet usulların eslewge ja`rdem beredi. Sonday aq temag`a baylanıslı materiallar, tu`rli kesteler ha`m diagrammalar ken` bilim beriw imkanın payda etedi.

2. Ko`rgizbelik wazıypası – sabaqlarda mul`tmedialı elektron oqıw a`debiyatlar, lektsiyalar, virtual laboratoriya jumısları, ha`r tu`rdegi animatsion

da`stu`rlerden paydalanıw arqalı biologiyalıq protsessler ha`reketli ko`rsetiw imkaniyatlarına iye boladı.

3. Qadag`alaw wazıypası – biologiya ta`liminin` barlıq formalarında: sabaq, sabaqtan tıs islew, klasstan tıs isleri, laboratoriya ha`m a`meliy sabaqlarda oqıwshılar o`zlestirgen bilimlerin qadag`alap ha`m bahalap barıw a`melga asırıladı.

4. Ta`rbiyalıq wazıypası – oqıwshılarni axborot da`stu`rleri menen islewi na`tiyjesinde oqıw ha`m aqılıy miynet ko`nikpelerin rawajlandıradı.

5. İntellektual tarawda rawajlandırıwshı wazıypası – pikirlewdi (bilimdi, tvorchestvonı), yadda saqlaw, dıqqattı, aqıl sapaların (teren`lik, u`nemlilik, o`zbetinshelik), pikirlew ko`nikpelerin (ajıratıw, kosıw, analiz ha`m t.b), biliw a`mellerin (qarama-qarsılıq ha`m mashqalanı qurıw, sawallar beriw, oyların alg`a qoyıw ha`m t.b.), u`yreniwdi, biliwdi rawajlandırıw, predmetke sa`ykes bilim, ko`nikpe ha`m bilimlerin asırıwdı formalandıradı. Sonday-aq, kletka, toqımalarda bolatug`ın protsessler, zat almasıw ha`m energiya almasıw, fotosintez, beloklar biosintezi, DNKnın` strukturalıq du`zilisi, biotexnologiya ha`m gen injeneriyası, jerde tirishiliktin` payda bolıwı temalarına say oqıw materialların animatsiyalar arqalı u`yrenip, abstrakt oyın ha`m ilimiy du`n`ya qarasın rawajlandıradı.

6. Motivatsion tarawdı rawajlandırıwshı wazıypası – intellektual bilimlarge, tabiyattı an`lawg`a, ja`miyatke, insang`a, pikirlew ha`m biliw nızamlıqlarına, oqıw motivlerin ta`rbiyalawg`a bolg`an ha`reketlerin qa`liplestiriw ha`mde ilim pa`n tiykarldarın o`z betinshe o`zlestiriwge imkanyat jaratıp, shaxs sıpatında rawajlanıw imkaniyatın payda keltiriedi

7. Emotsional tarawda rawajlandırıwshı wazıypası – o`z kewil keshirimleri ha`m ruxıy jag`dayların basqarıw boyınsha za`ru`rli ko`nikpelerdi jaratıw, artıqsha ka`wetirlerdi jen`i**w**, o`zin bahalawdı ta`rbiyalaydı.

8. İrodanı rawajlandırıwchi wazıypası – maqsetke umtılıwdı ka`liplestiredi, nerv ha`m muskullardın` sharshawın jen`e alıw, oqıw xızmetin rejelestiriw, onı kanday a`melga **asırıw** ha`m bahalawdı sırtqı ko`meksiz alıp barıwdı ta`miynleydi.

Biologiyanı oqıtıwda axborot texnologiyalarının` joqarıda keltirilgen wazıypalardı itibarg`a alg`an jag`dayda ta`lim-ta`rbiya protsessinde paydalanıw

**jolların** belgilew ha`m ta`jiriybege engiziw bu`ginnin` a`hmiyetli mashqalalarınan biri esaplanadı. Usı  mashqalalardın` sheshiminde oqıtıwshı ta`lim-ta`rbiya protsessinde pedagogik ha`m axborot texnologiyalardan ha`mde oqıtıw usullarınan o`z ornında ha`m na`tiyjeli paydalana alsa, maqsetke muwapıq boladı. Bul o`z gezeginde ta`lim sistemasında na`tiyjelilik garantı esaplanadı.

Biologiyanı oqıtıwda jobalastırıw texnologiyasının` metodları

Sabaqtı maqseti. Biologiyanı oqıtıwda jobalastırıw texnologiyasının` metodların qollawdın` texnologiyalıq baskıshları ha`m kartasın du`ziwdi u`yreniw.

*Sabaqtın` na`tiyjeleri.*

1. jobalastırıw texnologiyasının` metodı xaqqında tusiniklerge iye boladı.

2. Texnologiyalıq basqıshlardı du`ziwdi u`yrenedi.

3. Sabaqta jobalastırıw texnologiyasının` usılın qollawdı u`yrenedi.

*Za`ru`r bolatug`ın materiallar* Kodoskop, proektor, lineyka, lektsiya teksti.

*Sabaqtın` barısı.*

J*obalastırıw texnologiyasının` tiykarg`ı ideyası* - a`meliy yamasa teoriya a`hmiyetke iye bolg`an mashqalalardı sheshiw protsessinde mo`ljellengen na`tiyjelerge erisiw.

J*obalastırıw texnologiyasının` tiykarg`ı mazmunı* - ma`lim bir mashqalalı jag`daydı keltirip shıg`ıw arqalı oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıg`ın artırıw, jobalaw xızmetin formalastırıw, qa`liplestiriw; olardın` tiyisli bilimlerin iyelewi pa`nler ara baylanıslardı a`melge asırıw kerek.

Biologiyanı oqıtıwda oqıtıwshı proektlew texnologiyasınan paydalanıw ushın to`mendegi jumıslardı a`melge asırıw lazım;

* jobalar gruppaları, temaları ha`m qatnasıwshılar sanın anıqlaw;

* jobanı a`melge asırıw ushın tu`rli variantlardag`ı mashqala shınjırın du`ziw;

* joba predmeti, wazıypası ha`m basqıshların anıqlaw;

* joba qatınıasıwshıları ushın tapsırmalarlar du`ziw ha`m onın` ag`zaları ortasında bo`listiriw;

* İlimiy-izleniw, izertlew temaları boyınsha oqıwshılardın` jeke ta`rtiptegi, juplıqlarda yamasa kishi gruppalarda o`z betinshe izleniwshilerdi sho`lkemlestiriw;

* jobadan ku`tilgen na`tiyjelerdi anıqlaw, onı ra`smiylestiriw ha`m prezentatsiyanı belgilew;

* joba jumısın juwmaqlaw, bahalaw kriteriyaları ha`m juwmaqlar jasaw usılları ha`m jolların anıqlaw.

Tvorchestvolıq jobalerdin` texnologiyalıq kartalarf.

Usı joba sheshiliwinde katnasıwshılardın` tvorchestvolıq qatnası talap etiledi. Tvorchestvolıq jobanin izertlew xarakterdegi jobalardan tiykarıg`ı parqı, olardın` mantiqiy strukturası belgilenbeydi, tek jobanın` sheshimi dawamında formalanıp barıladı. Tvorchestvolıq jobada qatnasıwshılardın` qızıg`ıwı, motivi, za`ru`rligine qaraw jobanın` barısı, alınatug`ın ku`tilgen na`tiyjeleri belgilenedi. Biraq jobada na`zerde tutılg`an na`tiyjelerdi ra`smiylestiriwine ha`m **bezeliwine u`lken itibar qaratıladı**.

Biologiya oqıtıwshısı usı jobalar tu`rinen sabaqlarda paydalanıwı mu`mkin. Adam ha`m onın` salamatlıg`ı oqıw kursında *«Adamnın` sutkalıq awqat ratsionında belok, may, uglevodlar mug`darı ha`m olardan ajıralıp shıg`atug`ın energiya mug`darın anıqlaw»* laboratoriya sabaqların kishi gruppalarda sho`lkemlestirilip, olarg`a to`mendegi tapsırmalar beriliwi usınıs etiledi:

*1-gruppa tapsırmaları.*

Orta jasta aqılıy ha`m jen`il fizikalıq miynet menen shug`ıllanıwshılar ushın bir keshe ku`ndizde sarplanatug`ın energiya mug`darına muwapıq halda olardın` awqat ratsionın du`ziw.

*2-gruppa tapsırmaları.*

Orta jasta awır fizikalıq miynet penen shug`ıllanatug`ınlar ushın bir sutkada sarplanatug`ın energiya mug`darına muwapıq halda olardın` awqat ratsionın du`zin`.

*3-gruppa tapsırmaları.*

Baslang`ısh klass owshıları ushın bir sutkada sarplanatug`ın energiya mug`darına muwapıq halda olardın` awqat ratsionın du`zin`.

*4-gruppa tapsırmaları.*

O`spirim jastag`ı oqıwshılar ushın bir sutkada sarplanatug`ın energiya mug`darına muwapıq halda olardın` awqat ratsionın du`zin`.

tapsırma

1. Berilgan xar bir tapsırmalarnın` awqat ratsionın du`zin`.

2. Bir tema boyınsha izleniw xarakterindegi jobalardın` kartasın du`zin`.

*soraw.*

1. Birinshi jobalastırıw texnologiyasının` o`zine ta`n qa`siiyetleri.

2. Ayrım izleniw, tvrochestvolıq, ilimiy-izertlew xarakterindegi mashqlalardı jobalastırıw jolları

3. Oqıwshılarda tvorchestvo xızmet ta`jribelerin ta`rtiplestiriw.

4. Oqıwshılardın` mashkalanı sheshiw jolların jobalastırıw ko`nlikpeleri.

***Da`stu`riy ta`lim texnologiyası ha`m onı jetilistiriw jolları***

*Sabaq maqseti*. Da`stu`riy ta`lim texnologiyasının` abzallıg`ı ha`m kemshiliklerin anıqlaw.

*Sabaq na`tiyjelerileri.*

1. Da`stu`riy ta`lim protsessinde pedagogik texnologiyalarg`a tiykarlang`an protsess penen salıstıra aladı.

2. Da`stu`riy ta`lim texnologiyasın jetilistiriw barısında qaysı texnologiyalardan paydalanıw zarurligin biliwi mu`mkin.

3. Lektsiya, seminar, sınaw sabaqlarında pedagogikalıq texnologiyalardan u`nemli na`tiyjeli paydalana alıwı mu`mkin.

*Za`rur bo latug`ın materiallar:* Kodoskop, lineyka, lektsiya tekstleri.

*Sabaqtın` barısı.*

Sabaq barısında to`mendegilerge itibar qaratıladı:

1. Pedagogik munosabatlarni insonparvarlawtirish.

2. Ta`lim protsessin demokratizatsiyalaw.

3. Oqıtıwshılardın` biliw xızmeti jedellestiriw, o`z-ara birge islesiwge tiykarlang`an kolaylı sotsial-psixologiyalıq ortalıq jaratıw.

4. Oqıwshılardın` tvorchestvolıq ha`m o`z betinshejumısların o`nimli natiyjeli sho`lkemlestiriw.

5. Lektsiya, seminar, da`stu`riy ha`m sınaw sabaqlarında ta`lim texnologiyaları elementlerin ha`m metodlarınan paydalanıw;

*Tapsırma.*

1. Da`stu`riy ta`lim protsessin ha`zirgi zaman pedagogikalıq texnologiyag`a tiykarlang`an bilim beriw protsessi menen salıstırın`.

*Soraw.*

1. Da`stu`riy ta`lim texnologiyasının` o`zine ta`n o`zgeshelikleri, abzallıg`ı, kemshilikleri.

2. Oqıwshılardın` biliw xızmetin sho`lkemlestiriw ha`m basqarıw usılları.

3. Da`stu`riy sabaqlardı jetilistiriw ma`seleleri.

4. Lektsiya sabaqlarında qaysı texnologiyalardan paydalanıw maqsetke muwapıq.

5. Seminar ha`m sınaw sabaqlarında qaysı texnologiyalardan paydalansa boladı.

**Oqıtıwshı ekologiyalıq sananı ka`liplestiriwdin` o`zine ta`n psixologiyalık qa`siyetleri** Ha`zirgi kunde global ekologiyalık apatshılıqlardın aldın alıw ha`m sebeplerin sheshiw ja`miyettegi ekologiyalık sanag`a baylanıslı bolıp turıptı, onın` maksetke muwapık ka`liplesiwi bolsa ta`lim sisteması aldında turg`an psixologiyalık- pedagogikalık mashqalalardan biri esaplanadı. Bul tarawdag`ı tiykarg`ı juwapkershilik ulıwma bilimlendiriw mekemelerindegi okıtıwshılar moynına jukletilgen. Ekologiyalık ta`lim ha`m ta`rbiyanın ja`nede ken`irek jolg`a qoyılıwı bolsa pedagogikadan psixologiyalık sheberlikti talap etpekte. Bugingi kunde okıtıwshılar ekologiyalık- psixologiyalık bilimlerden jeterli da`rejede xabardar emesligi, ekologiyalık iskerlikti jedel alıp barıw haqqında mag`lıwmat beriwshi ilimiy- metodikalık qollanba ha`m psixologiyalık usınıslar menen tolık ta`miynlenbegenligi jag`daydı ja`nede quramalastıradı (Xolmurodov, 2000; Ergashev, 2005).

Ekologiyalık psixologiya (ekopsixologiya) izertlewlerinde jan`a bag`dar esaplang`an “ ekologiyalık sana ” tusinigi juzege kelgen bolıp, ta`biyat ha`m insan ortasındag`ı o`z-ara isker baylanıstag`ı, psixologiyalık halatlardı, sırtkı ortalıqtı o`zlestiriwdegi psixologiyalık protsessler rawajlanıwının` o`zine ta`n psixologiyalıknizamlıkların, onın` mexanizimlerin, bularg`a baylanıslı turde insan minez-kulqının` rawajlanıwın uyretedi. Ekologiyalık sana psixologiyası psixikalık nızamlıklar, mexanizimler ha`m diagpostika metodların ” ta`biyat a`lemine ” salıstırg`anda jeke muna`sibetler ka`liplesiwin, psixodidaktik usıllar ha`m ekologiyalık ta`lim metodların, immitatsion oyın metodların, sotsial-psixologiyalık treninglar ha`m baskalardı o`z ishine aladı.

Demek okıtıwshıda ekologiyalık sananın duzilmelerin ha`m kaysı forması ko`birek bar ekenigin anıklaw, sol tiykarda ekologiyalık sana formalarının rawajlanıwın mexanizimlerin anıklaw yag`nıy ta`biyat obektlerin estetik o`zlestitiw, etikalık o`zlestitiw, ta`biyat penen baylanıslı biliw iskerligi motivatsiyası ha`m sırtkı ortalıg`ın ta`biyatqa o`zinin` sub`ktiv muna`sibetlerine muwapık halda o`zgertiwge bag`darlang`an iskerlik da`rejesin diagnostika etiw usı kundegi en` ma`selelerden biri esaplanadı.

Biz o`z izertlewimizde Qarakalpaqstan Respublikasında jasap iskerlik ko`rsetip atırg`an okıtıwshılardın` ekologiyalık sanası qa`liplesiwinin psixologiyalık ta`replerin uyreniw arqalı insang`a atiraptag`ı ekologiyalık ortalık ta`sir etiwi protsessinde adamnın ta`biyatka bolg`an qatinasları arkalı onın` kundelik, a`dettegi ekologiyalık sanası qa`liplesip barıwın anıqladıq.

A`dettegi ekologiyalık sanag`a beriletug`ın ta`riypten ma`lim boladı, shaxs yamasa topordın` o`zi jasap kiyatırg`an bar bolg`an, sonın` menen birge ko`binese jamanlasıp baratırg`an ekologiyalık ortalıqqa ko`nigip ketiwi ha`m bunın` na`tiyjesinde ekologiyalık bag`dardag`ı iskerliktin pa`s bolıwı egoistlik ekologiyalıq sana formasın keltirip shıg`aradı.

Egoistlik ekologiyalıq sanada bolsa, insannın ta`biyat penen bolatug`ın muna`sebetleri ha`m ekologiyalık minez-qulqta ko`rsetilgen ha`reketleri tek o`zinin muta`jliklerin ta`miyinlewge qaratılg`anlıg`ında ko`rinedi.

A`dette , bunday egoistlik ekologiyalıq sana, ja`miyet ha`m ta`biyatka zıyan keltiriwi ta`biyiy.

Sonday-aq, okıtıwshılarda qa`liplesken a`detiy ekologiyalıq sana qa`siyetleri to`mendegi halatlardı keltirip shıg`aradı:

- Oqıtıwshıda pedagogikalık qa`bilettin` to`menligi;

- Oqıtıwshı ekologiyalıq fazasının` sheklengenligi ken` pikirlew qa`biletine unamsız ta`sir ko`rsetkenligi;

- Oqıtıwshı ekologiyalık qızıg`ıwshılıg`ının kushsizligi:

- Oqıtıwshıda do`retiwshılik-alg`a ilgerlewshiliq komponentlerinin ko`rinbesligi:

- Oqıtıwshılar qollanıp atırg`an is-ilajlardın teoriyalık bo`liminde, yag`nıy dunya

Haqqındag`ı mag`lıwmatlarında teren`lik, izbe-izlik , turaqlılıq, bekkemliktin` ko`rinbesligi:

O`qıtıwshının` psixologiyalıq zorıg`ıwı, qa`ueterleniwleri ta`biyat ob`ektlerine bolg`an sub`ektiv muna`sibetlerdi qa`liplestire almaydı, ma`qsetke muwapıq ekotsentrik tiptegi ekologiyalık sana qa`liplesiwine tosıq boladı. Oqıtıwshı sırtqı ortalıktı sub`ektiv basqarıwdın` mazmunı oqıtıwshının` ekologiyalıq sanası, ekologiyalıq ma`deniyatın, ekologiyalıq ma`nawiyatın, ekologiyalıq juwapkershiligin bildiredi.

Bizin izertlew jumısımızda oqıtıwshı sırtqı ortalıqtı sub`ektiv basqarıw ma`selesinin` uyrenilgenlik da`rejesin anıqlaw protsesin bir ta`repten oqıtıwshı shaxsının` ta`biyatqa bolg`an muna`sibetin anıqlap, ekinshi ta`repten sırtqı ortalıqtag`ı ekologiyalıq ha`diyseler menen

o`z-ara ta`sirlesiwindegi qa`liplesken ekologiyalıq sana da`rejesin anıqlawg`a imkaniyat beredi.

Oqıtıwshının` sırtqı ortalıqtı sub`ektiv basqarıwın u'yreniw protsessinde olardag`ı unamsız psixologiyalıq qa`siyetleri dıqqatımızdı qarattı.Olar to`mendegishe:

- Ekologiyalık is ha`reketlerin itibarsızlıq ;

- Ekologiyalık turaqsızlıq ;
- Basqa ekologiyalık jag`daylarg`a biyparwalıq ;
- Erten`gi kunge isenbeslik ;
- Ashıwshaqlıq ;
- Qa`weterlik ;
- Zorıg`ıw;

Joqarıda keltirilgen bul qa`siyetler oqıtıwshının` ta`biyatqa bolg`an muna`sibetinde ko`rinedi, oqıtıwshılarda qa`liplesip atırg`an ekologiyalıq minez-qulqının` emotsionallıq ta`rkpi juda psixologiyalıq zorrıqqan , kushne reaktiv qa`weterleniw , tuskinlik halatları menen harakterlenedi (Otoyev, Nabiyev, 1995; Xolmurodov, 2000; Ergashev, 2005).

Usı halat izerlewimizdegi baqlaw toparında ayqın ko`rinedi, ekologiyalıq mashqalalar olardı tolıqtırg`anlıg`ı ha`m bug`an hesh qanday shara joq degen pikirlerdi bildiredi. Olardın` bunday pikirlewinde joqarıda keltirip o`tken ekologiyalık iskerligi to`men ha`m ekologiyalık tuskinlikke berilgen halatlardı ko`riw mumkin.Juwmaq sonday, oqıtıwshı ta`biyiy ortalıqtı sub`ektiv basqarıwdag`ı ha`m oqıwshı sub`ektiv muna`sibetindegi psixologiyalıq qa`siyetlerin esapqa alg`an halda oqıtıwshı bilimlerin to`mendegi sha`rtlerge baylanıslı alıp barılıwı na`zerde tutılıwı lazım;

- Oqıtıwshı ta`biyiy ortalıqtı sub`ektiv basqarıwda o`zi jasap atırg`an sırtqı ortalıq haqqındag`ı bilimlerin biliw iskerligin asırıw lazım;

- Barlıq ta`biyat ob`ektlerin sub`ektiv basqara alıwı lazım, ta`biyat ha`m insan muna`sibetinde sheriklik ha`reketin aqlap jetiwdi rawajlandırıw kerek.

Demek, bunday ko`birek oqıtıwshının` sırtqı ortalıqqa baylanıslı psixologiyalık qa`siyetlerden kelip shıg`ıp ekologiyalıq bilim ha`m ta`rbiya isi mazmunın payda etiwge de itibar qaratqan halda to`mendegilerdi esapqa alıw za`rur.

1. Ekologiyalıq sana to`men da`rejede ekenligi menen baylanıslı sebepleri. Onı rawajlandırıwdı sho`lkemlestiriw;

2. Bar bolg`an ekologiyalıq (ekopsixologiyalıq) bilimler menen tanıstırıw,bunda tayarlıq da`rejesin esapqa alıw;

3. Shınıg`ıwlardın` tiykarg`ı teması, pa`n bag`darları, mazmunı, waqıt normaları , ma`xset, qural, metodları, olardın` joqarı sıpat ha`m na`tiyjeligin ta`miyinlew jol jobaların belgilew;

4. Oqıtıwshlardın` mektepte oqıwshılar, pedagogikalıq ja`miyet, ata-analar menen ekologiyalıq shınıg`ıwlar ha`m ta`lim- ta`rbiyalıq kesheler alıp barıw boyınsha is usılların iyelegenlikleri ha`m olarda a`melde qollanıw da`rejesi

5. Shınıg`ıwlar na`tiyjelerin bahalaw kriteriyaları;

Sonday-aq, oqıtıwshı o`z do`retiushilik oy-o`risin rawajlandırıwg`a itibar qaratıwı, insan ha`m ta`biyat ortasındag`ı sho`lkemlestirilgen iskerliktin` na`tiyjesin aldınnan ko`re biliwi lazım. Sonın menen birge ekologiyalıq jag`daylarda psixologiyalıq zorıg`ıw ha`m tuskinlik juzege keliwinin` aldın alıw yaki sheshiw tiykarında sotsiyallıq o`mirge tayarlaw, oqıtıwshı ekologiyalıq – psixologiyalıq bilim shen`berin ken`eytiw , ta`jiriybe ha`m ko`nlıkpelerin asırıwdın` uzliksizligin ta`miynlew za`rur.

Ekologiyalıq awır jag`dayda oqıtıwshı ekologiyalıq sanası qa`liplesiwinin` psixologiyalıq qa`siyetlerin ha`m oqıwshılardı ekologiyalıq aktiv ha`rektlerge bag`darlawg`a salıstırg`anda oqıtıwshılardag`ı imkaniyatlar da`rejesin anıqlap ha`mde oqıtıwshılarda ekologiyalıq sananı qa`liplestiriwdin` psixologiyalıq-pedagogikalıq sistemasın islep shıg`ıw ha`m onı a`melge en`giziw lazım.

Juwmaq ornında sonı aytıw mumkin, ekologiyalıq qısqa kurslar yaki seminar-treninglar, ekologiyalıq konferentsiyalar, seminar , disput, viktorina, sa`wbet, lektsiya, referat, isshen`lik oyınları ha`m sol sıyaqlı shınıg`ıwlardı sho`lkemlestiriwdi ta`miynlewimiz za`rur. Bunda oqıtıwshı ekologiyalıq iskerligine en`gizilgen ha`r bir metodta, usıl ha`m sabaq formasında oqıwshının` erkin ekologiyalın` pikirlew da`rejesin asırıwdı bas ma`xset etip belgileniwi lazım. Ekologiyalıq-psixologiyalıq ta`lim protsessinde oqıwshılardın` erkin pikirlew da`rejesin rawajlandırıwda oqıtıwshının` roli a’hmiyetliligi onın` o`zi ustinde islewge jan`alıqlarg`a intiliwi ha`m izleniwine iytermeleydi. Mektep basqarması,

oqıtıwshılar ha`m psixologlar bolıwı mumkin bolg`an ha`r qanday ekologiyalıq o`zgerislerge psixologiyalıq jaqtan ilimiy-a`meliy tayarlıq ko`rip barıwları ma`xsetke muwapıq.

## JUWMAQLAW

Biologiya pa`ninin` jetiskenlikleri ko`p ta`repten ta`biyiy pa`nler fizika, ximiya, matematika, astronomiya, tarawında erisilgen jetiskenlklerden paydalanıw na`tiyjesinde ju`z bermekte. Bul pa`nlerdin` jetiskenliklerden ha`m metodları tiykarında elektron mikroskopiya, spektraskopiya, rengenostruktura analizi, kletkanın` molekulyar ha`m submolekulyar da`rejede u`yreniw mu`mkinshligin beredi. Bioximiya ha`m biofizika metodları tiykarında ta`jiriybeler o`tkiziw na`tiyjesinde zat almasıwdı a`sirese belok biosintezinin` mexanizmi ashıp berildi, fotosintez sırları ashıldı. Gennen tiykarı DNK ha`m RNK strukturası, funktsiyası (ayan boladı) belgili boladı, aminokislotalardın` genetik kodı ashıp berildi.

İlimpazlardın` dıqqat-itibarı turmıs ha`diyselerinin` negizin anıqlawg`a, zat almasıw, tuqım quwıwshılıq ha`m o`zgeriwshen`likti basqarıwdın` tu`rli usılların islep shıg`arıwg`a qaratılg`an.

Mektep biologiya kursın oqıtıwdag`ı maqset oqıwshılardı tek bilimler menen emes, sonın` menen bir qatarda olardı oqıw ko`nlikpe ha`m qa`nigeleri payda etiwden ibarat. Bul tarawda laboratoriya jumısların alıp barıw za`ru`r dep sanaladı. Sonı itibarg`a alg`an halda g`a`rezsizlik jıllarında respublika metodistlerinin` dıqqat itibarı oqıwshılardın` biliw iskerligin ha`reketke keltiriw ma`selesine qaratıldı. Bul orında biologiyadan traditsiyalıq emes sabaqlar o`tkiziwge (birge islesiwde oqıtıw konferentsiya sabaqları moduli ta`lim h.t.b.) qaratıldı.

Respublikamızdın` metodistleri biologiyanın` tek ulıwma oqıtıw metodikası menen emes, ba`lkim jeke metodika menen de shug`ıllana basladı.

Ha`zir biologiya pa`ninen klasslar ko`leminde elektron sabaqlıklar ha`m oqıw fil`mleri du`zilgen. Videorolikler, slaydlar, animatsiyalar ha`m bar, oqıwshı esitken mag`lıwmattan ko`re ko`rgen mag`lwmatlardı tezirek este saqlap qaladı.

Qa`sipke baylanıslı qızıg`ıwshılıqtı payda etiw oqıtıwshılardın` pedagogikalıq xızmeti menen tikkeley baylanıslı. Miynet ta`limi turmıs menen baylanıstırp, biriktirip, sabaq individual – tipologik, jas da`u`ir qa`siyetleri,

imkoniyatların esapqa alıw jaqsı na`tiyje beredi. Sebebi ha`r bir qa`sip-o`ner alıwshı shaxstın` tvorchestvolıq tarpeten ozıq bolıwdı, aqıllı, ziyrek, sabırlılıqtı talap etedi. Barlıq qıyınshılıq ha`m sınawlarg`a shıdam bere alatug`ın jigit-qızlar g`ana usı tan`lag`an qa`sipke bolg`an isenimin aqlay aladı ha`m juwapkershilikli dep tabıladı. Miynet ta`limi bolsa tap usınday imkaniyatqa iye. Ta`limdi aqılg`a ug`ras, optimal jolları usılları menen shın kewli menen alıp barıw tu`rli jasdag`ı mektep oqıwshılarında miynetke sanalı qatnasta formalandıradı, qa`sip-o`nerge qızıg`ıwshan`lıg`ın artıradı. Jaslardı ta`biyatga mehirli, muxabbatlı ta`rizde ta`rbiyalaw tek g`ana ermek ushın emes, bul hu`kemet a`hmiyetine iye bolg`an aktual ma`sele esaplanadı.

## O`MIR QA`WIPSIZLIGI

O`zbekstan Respublikasi Ministrler Ken`esinin` 19.07.2011 j. №208 sanli «Xaliqti jer silkiniwler aqibetinde payda bolatug`in ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen tu`rdegi) ha`reket etiwge tayarlaw kompleks da`stu`rin tastiqlaw hakkinda»g`i qarari, Joqari ha`m orta arnawli bilimlendiriw ministrliginin` 22.07.2011 j. №310 sanli buyrig`in basshiliqka alinip ha`m orinlaw maqsteinde A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogika instituti rektorati buyrig`i (25.12.2012 j. №601 D/1) tiykarinda «O`mir qa`wipsizligi» pa`ni barliq ta`lim bag`darlari boyinsha talabalarg`a oqiw protsessinde u`yretiw ushin, magistrlik dissertatsiya jumisi ha`m bakalavr qa`nigelik pitkeriw jumislarin orinlawda pa`nnin` huqiqiy tiykarlari kirgizildi.

“Ja`miyette puxaralardin` huqiqlari ha`m erkinliklerin qorg`aw ta`miyinlengende ol haqiqiy, huqiqiy puxaraliq ja`miyet boladi. Ha`r bir adam o`z huqiqlarin aniq biliwi olardan paydalana aliwi, o`z huqiqi ha`m erkinliklerin qorg`ay aliwi lazim. Bunin` ushin da`slep ma`mleketimiz xalqinin` huqiqiy ma`deniyatin asiriw za`ru`r” (I. Karimov. O`zbekstan XXI  a`sirge umtilmaqta, 31 – bet).

XX a`sirdin` 60 – jillarinan baslap is ju`rgizip kelgen puxaraliq qorg`aniw sistemasinin` tiykarg`i waziypasi tinishliq da`wirinde ha`m uris jag`dayinda ma`mleket xalqin jalpi qirg`in qurallari ha`m basqa xu`jim qurallarinan qorg`aw, uris jag`dayinda xaliq xojalig`i obektlerinin` turaqli islewin ta`miyinlew ha`mde apatshiliq oshaqlarinda qutqariw ha`m tiklew jumislarin o`z waqtinda na`tiyjeli a`melge asiriwdan ibarat edi.

Biraq xaliq o`mirine tek jalpi qirg`in qurallari emes, ba`lkim basqa qa`wip – qa`terlerde qa`wip salmaqta, olardi na`zerden shette qaldiriw hasla mu`mkin emes. Bular ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylar bolip tabiladi.

1990–jillarg`a kelip yadro urisi qa`wipi kemeyip, biologiyaliq qurallardan paydalaniw sheklep qoyildi, jan`a – zamanago`y qural tu`rleri oylap tabildi, olar

adamlar ushin qa`wipli bolmay, ba`lki ekonomikaliq obektlerdi isten shig`ariwg`a qaratilg`an edi. Bulardin` barlig`i puqaraliq qorg`aniw sistemasi orninda jan`a bir sistema du`ziliw kerekligin da`llilep berdi.

Puqaraliq qorg`aniw ornin iyelewi mu`mkin bolg`an iri ko`lemdegi ayriqsha jag`daylarg`a a`welden tayarliqti ta`miyinlewshi jan`a arnawli ma`mleket sistemasi iyelewi, ol tinishliq ha`mde uris da`wirinde xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`awi lazim edi. Bul sistema xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw ha`m qutqariw jumislarin o`tkerip qoymay, basqa a`hmiyetli ilajlardi: ta`biyiy apatlardan qa`wipli aymaqlar kartalarin du`ziw, seysmikaliq bekkem bina ha`m imaratlardi quriw, qisqa, orta ha`m uzaq mu`ddetli boljaw jumislarin sho`lkemlestiriwi ha`m xaliq tayarlig`in a`melge asiriwi lazim edi.

Usi orinda ja`ne bir ma`seleni aydinlastirip aliwg`a tuwra keledi. Ayriqsha jag`day degen ne, onnan xaliqti ha`m aymaqlardi qorg`aw degende neni na`zerde tutiwimiz kerek?

Ayriqsha jag`day – adamlar qurban boliwi, olardin` den sawlig`i yaki qorshag`an ortaliqqa ziyan tiyiwi, materialliq shig`inlar keltirip shig`iliwi ha`mde adamlardin` turmis sharayatinin` izden shig`iwina alip keliwi mu`mkin bolg`an yaki alip kelgen avariya, apatshiliq, qa`wipli ta`biyg`iy ha`diyse yaki basqa ta`biyiy apatshiliq na`tiyjesinde belgili bir aymaqta ju`zege kelgen jag`day.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw – ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardi saplastiriw ilajlari, usillari, qurallar sistemasi, ha`reketler birlesigi.

Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw – aldin ala o`tkerilip, ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi qa`wipin mu`mkinshiligi bolg`ansha kemeytiwge, bunday jag`daylar ju`z bergen ta`g`dirde bolsa adamlar den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge qaratilg`an ilajlar kompleksi.

Ayriqsha jag`daylardi saplastiriw – ayriqsha jag`daylar ju`z bergende o`tkerilip, adamlar o`miri ha`m den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge, sonday – aq

ayriqsha jag`daylar ju`z bergen zonalardi shen`berge alip, qa`wipli faktorlar ta`sirin toqtatiwg`a qaratilg`an avariya – qutqariw jumislari ha`m basqa keshiktirip bolmaytug`in basqa jumislar kompleksi.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda qoyilg`an en` tiykarg`i jumislardin` biri–da`slep Qorg`aniw ministrligi qasinda puqaraliq qorg`aniw ha`m ayriqsha jag`daylar basqarmasinin`, son` usi basqarma tiykarinda O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` 1996 jil 4 marttag`i PF–1378 Buyrig`i menen Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` du`ziliwi boldi.

Ministrlik is ju`rgize baslag`annan son` xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinin` huqiqiy tiykarin du`ziwshi bir qatar nizam ha`m qararlar qabil etildi.

*O`zbekstan Respublikasi nizamlari:*

Xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 5 bo`lim ha`m 27 stat`yadan ibarat. Nizam xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawindag`i sotsial mu`na`sibetlerdi ta`rtipke saladi ha`m ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi ha`m rawajlaniwinin` aldin aliw, ayriqsha jag`daylar keltiretug`in shig`inlardi azaytiw ha`m ayriqsha jag`daylardi saplastiriwdi maqset etip qoyadi.

Puxaraliq qorg`aniw haqqinda (2000 jil 26 may) – 4 bo`lim ha`m 23 stat`yadan ibarat. Usi nizam puxaraliq qorg`aniw tarawindag`i tiykarg`i waziypalardi, olardi a`melge asiriwdin` huqiqiy tiykarlarin, ma`mleket organlarinin`, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` wa`killiklerin, O`zbekstan Respublikasi puxaralarinin` huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlarin, sonday – aq puxaraliq qorg`aniw ku`shleri ha`m qurallarin belgileydi.

Adamnin` immunitet jetispewshiligi virusi menen keselleniwinin` aldin aliw haqqinda (1999 jil 19 avgust) – 13 stat`ya. Nizamda AIJS keselliginin` aldin aliw tarawindag`i ma`mleketlik ta`miyinlew, keselliktin` aldin aliw boyinsha jumislardi qarji menen ta`miyinlew, puxaralardin` ha`m ma`jbu`riyatlarina tiyisli ma`seleler ko`rsetilgen.

Gidrotexnika inshaatlarinin` qa`wipsizligi haqqinda (1999 jil 20 avgust) – 15 stat`ya. Usi nizamnin` maqseti gidrotexnika inshaatlarin joybarlastiriw, quriw, paydalaniwg`a tapsiriw, olardan paydalaniw, olardi rekonstruktsiya qiliw, tiklew, konservatsiyalaw ha`m tamamlawda qa`wipsizlikti ta`miyinlew boyinsha iskerligin a`melge asiriwda ju`zege keletug`in mina`sibetlerdi ta`rtipke saliw bolip tabiladi.

Awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`aw haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 28 stat`ya. Usi nizamnin` maqseti awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`awdi ta`miyinlew, o`simliklerdi qorg`aw qurallarinin` adam den sawlig`ina, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa ziyanli ta`sirinin` aldin aliw menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Radiatsiyaliq qa`wipsizlik haqqinda (2000 jil 31 avgust) – 5 bo`lim ha`m 28 stat`yadan ibarat. Nizamnin` maqseti radiatsiyaliq qa`wipsizlikti, puxaralar o`miri, den sawlig`i ha`m mal – mu`lki, sonday – aq, qorshag`an ortaliqti ionlastiriwshi nurlaniwdin` ziyanli ta`sirinen qorg`awdi ta`miyinlew menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

Terrorizmge qarsi gu`res haqqinda (2000 jil 15 dekabr) – 6 bo`lim ha`m 31 statyadan ibarat. Usi nizamnin` maqseti terrorizmge qarsi gu`res tarawindag`i qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat. Nizamnin` tiykarg`i waziypalari shaxs, ja`miyet ha`m ma`mlekettin` suverenitetin ha`m aymaqliq pu`tinligin qorg`aw puxaralar tinishlig`i ha`m milliy tatiwliqti saqlawdan ibarat.

Qa`wipli islep shig`ariw obektlerinin` sanaat qa`wipsizligi haqqinda (2006 jil 28 sentyabr`) – 23 stat`ya. Nizamnin` maqseti qa`wipli islep shig`ariw obektlarinin` sanaat qa`wipsizligi tarawindag`i qa`tnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

O`zbekstan Respublikasi MK (1997 jil 27 dekabr`) №558-sanli qarari «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda ha`reket etiwde ma`mleketlik dizimi haqqinda»g`i qarari menen biykar etilip bul qarar qaytadan 2011 jil 24 avgustta O`zbekstan Respublikasi MK №242-sanli «O`zbekstan Respublikasinda ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olarda

ha`reket etiwdin` ma`mleketlik dizimi jumislarin bunnan bilay jetilistiriw» haqqinda qarari menen toliqtirilip qayta shiqti.

O`zbekstan Respublikasi (2011 jil 19 iyul`) №208-sanli qarari «Xaliqti jer silkiniwler na`tiyjesinde payda boliw mu`mkin bolg`an ayriqsha jag`daylarda (ta`biiy ha`m texnogen) ha`reket etiwge u`yretiwdin` kompleks da`stu`rin tastiyiqlaw» haqqinda qarari tiykarinda barliq orinlarda ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiwdin` kompleks da`sturleri islenip shig`ilip, oqiw mashqulatlari alip barilmaqta.

*O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` qarari:*

Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shkisi ha`diyseleri menen baylanisli ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardin` aqibetlerin toqtatiw barisindag`i – ilajlar haqqinda (2007 jil 19 fevral, PQ – 585 – sanli). Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shki ha`diyseleri menen baylanisli jumislardi o`z waqtinda ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, sonday – aq olardin` aqibetlerin tezlik penen toqtatiw maqsetinde qabil etilgen.

*O`zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin` qararlari:*

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` jumisin sho`lkemlestiriw ma`seleleri haqqinda (1996 jil 11 aprel, 143 – sanli). Qararg`a «O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar haqqinda»g`i Nizam qosimsha etilgen. Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` tiykarg`i waziypalari, huqiqlari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi haqqinda (1997 jil 23 dekabr, 558 - sanli). Qarar menen O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi (AJMS) haqqindag`i Nizam ha`m onin` du`zilisi tastiyiqlang`an, ministrlik ha`m idaralardin` xaliq ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw boyinsha funktsiyalari keltirilgen.

O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`awg`a tayarlaw ta`rtibi haqqinda (1998 jil 7 oktyabr 427 – sanli). Qarar ma`mleket xalqin ha`m aymaqlarin ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw

sistemasin rawajlandiriw maqsetinde qabil etilgen. Qararg`a qosimsha keltirilgen «Xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda tayarlaw ta`rtibi haqqinda»g`i Nizam O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda, sonday – aq ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiwge tayarliqtan o`tip atirg`an xaliq toparlarin tayarlawdin` tiykarg`i waziypalarin, tu`rleri ha`m usillarin belgileydi.

Ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylardin` sipatlamasi haqqinda (1998 jil 27 oktyabr, 455 – sanli). Qarar menen tastiyiqlang`an sipatlamag`a muwapiq ayriqsha jag`daylar ju`zege keliw sebeplerine ko`re texnogen, ta`biyiy ha`m ekologiyaliq qa`siyetli, usi jag`daylarda ziyan kergen adamlar sanina, materialliq ziyanlar mug`darina ha`m ko`lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha`m transsshegarali tu`rlerge bo`linedi.

O`zbekstan Respublikasinda adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`resti ku`sheytiw ilajlari haqqinda (1996 jil 18 yanvar, 32 – sanli). Adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`res ilajlarinin` na`tiyjeligin asiriw, sonday – aq xaliq jasaw orinlarinda iyt, pishiq ha`m basqa u`y haywanlarin ta`rtipke  saliw maqsetinde qabil etilgen.

G`alaba xaliqliq ilajlardi o`tkeriw qag`iydalarin tastiyiqlaw haqqinda (2003 jil 13 yanvar, 15 – sanli). O`zbekstan Respublikasi aymag`inda g`alaba xaliqliq ilajlar o`tkeriliwi waqtinda ja`ma`a`t qa`wipsizligin ta`miyinlew ha`m ta`rtibin qorg`aw maqsetinde qabil etilgen.

Ayriqsha jag`daylardi boljaw ha`m aldin aliw Ma`mleket da`stu`rin tastiyiqlaw haqqinda (2007 jil 3 aprel, 71 – sanli). Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m aqibetlerin saplastiriw tarawinda alip barilip atirg`an jumislar o`nimliligin asiriw maqsetinde qabil etilgen.

Joqarida ko`rsetilgen huqiqiy hu`jjetler tiykarinda oqiw protsessinde talabalarg`a “O`mir qa`wipsizligi” pa`ninin` barliq bag`darlari boyinsha ken` ma`niste tu`sinikler berildi.

PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR.


1. I.A.Karimov. O’zbekiston buyuk kelajak sari. T., “O’zbekiston”, 1998.
2. I.A.Karimov. O’zbekiston XXI asrga intilmoqda. T., “O’zbekiston”, 1999.
3. Barotov P. Tabiatni muhofaza qilish. T., “O’qituvchi”1991.
4. Otaboyev Sh. Nabiyev M. Inson va biosfera. T., “O’qituvchi”1995.
5. Ergashev A., Ergashev T. Ekologiya, biosfera va tabiatni muhofaza qilish. T., “Yangi asr avlodi”, 2005.
6. Xolmurodov J. Ekologiya va qonun. T., “Adolat”. 2000.
7. B.Aminov. T.Tilovov. «Adam ha’m onin’ den sawlig’i» 8-klass ushin sabaqliq. No’kis-Bilim -2002 jili.
8. Rasulov K.R., Omonov Ḱ.T. Oquvchilarni kasb tanlashga tayyorlash. // Sovet maktabi. – 1984. - №6. – 47-49 b.
9. G`ofurov A.T., Tolipova J. Umumiy biologiya kursini o’qitishda ta`lim mazmuni, usullari va shakllarini takomillashtirish. //Umumiy biologiyani o’qitishning norasmiy usul va shakllari. İlmiy maqolalar to’plami. Nizomiy nomli Tosh. DPİ.-Toshkent, 1992,-3-34b.
10. Tolipova J.O. G’afurov. A.T. Biologiya ta’lim texnologiyalari. T. O’qituvchi.2002 y.
11. Sayidaxmedov.N. Pedagogik texnologiya va pedagogik maxorat. T. O’zMU. 2005.y.
12. Borovitskiy P.I. Biologiyanı oqıtıw metodikası. M. 1962,
13. Vsesvyatskiy B.B. Biologiyanı oqıtıw ulıwma oqıtıw metodikası/ M.1900
14. Verzilin N.M. Korsunskaya B.M. Biologiyanı oqıtıwdın` ulıwma metodikası. M.1983,
15. Ponamareva I.N. Biologiyanı oqıtıwdın` ulıwma metodikası. M., 2003
16. E.M. Belskaya, A.E. Suxarev, A.T. Gafurov).
17. M. Jabbarov, T. İsxakov, X. Shokirov.
18. www/uznature.uz
19. www/pedagog.uz
20. www/floranimal.ru
21. www/ziyonet.uz

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik pedagogika institutı**
**Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti 4 kurs 5140400 Biologiya ta`lim bag`darı talabası Aqsungu`l Kadirniyazovanın` «Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari» temasındag`ı pitkeriw qa`niygelik jumısına**

PIKIR

Pitkeriw qa`niygelik jumis temasi u`zliksiz ta`lim ta`rbiya protsessindegi zamanogo`y mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari haqkında bolıp u`yreniwge za`ru`r ma`selege arnalg`an. Ha`zirgi waqıtta pa`nlerdi oqıtıw metodikası rawajlanıw basqıshında bolıp tan`lang`an tema og`ada whmiyetli esaplanadı.

Pitkeriw qaniygelik jumısında respublikamızda ta`lim protsessinin` ha`zirgi jag`dayları olardı jedellestriwde jan`a pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw usılları mekteplerde biologiyanı oqıtıwdın` arnawlı metodikalıq usılları haqkında mag`lıwmatlar sa`wlelengen.

Pitkeriwshi talaba A.Kadirniyazovanın` pitkeriw qa`niygelik jumısı temasına kerekli a`debiyatlardan ken`nen paydalanıp du`n`ya ju`zinde sonın` ishinde Qaraqalpaqstanda Respublikası mekteplerinde biologiyanı oqıtıw da jeke ha`m arnawlı usılların haqqında mag`lıwmatlar toplap joqarı da`rejede qa`niygelik jumısın tu`sinikli tilde sızılmalar menen jaqsı jazg`an.

Joqarıdag`ılardan kelip shıqqan halda pitkeriwshi talaba Aqsungu`l Kadirniyazovanın` «Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari» temasındag`ı pitkeriw qa`niygelik jumısı joqarı oqıw orınlarının` talaplarına tolıq juwap beredi, MAK da jaqlawg`a boladı ha`m ılayıq dep esaplayman.

Ilimiy basshi: Q.Atanazarov

A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik pedagogika institutı
Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti 4 kurs 5140400 Biologiya ta`lim bag`darı talabası Aqsungu`l Kadirniyazovanın` «Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari» temasındag`ı pitkeriw qa`niygelik jumısına

SIN

O`zbekstan Respublikasında bilimlendiriw tarawında tu`pkilikli o`zgerisler ju`zege keldi desek aljaspaymız. Sebebi g`a`rezsizliktin` baslang`an jıllarınan baslap ta`lim-ta`rbiya jumısları ma`mleketimizdin` en` baslı siyasiy da`rejedegi ma`sedleri retinde qaralıp kiyatır. Bug`an mısal «Ta`lim haqqında» g`ı Nızam, du`n`ya juzi ta`jiriybesinde ta`n alınıp atırg`an Kadrlar tayalawdın` milliy da`stu`ri kabıl etilip, buga`n tiykarlanıp hazirgi zaman g`a say bu`gingi ku`ni «Bilim – barlıq o`mir dawamında ha`mme ushın» talaplarına juwap beretug`ın uziliksiz bilim beriw mexanizmi jolg`a qoyılg`an.

Mine bunan kelip shıqkan halda pitkeriwshi 4 kurs talabası A. Kadirniyazova o`zinin` zamanago`y ta`lim-ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari atamasında teması oa`selelerdi o`z ishine aladı.

Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` Kirisiw bo’liminde jumistin’ aktualligi, a’miyeti maqset ha/m wazipalari qisqasha berilgen. Bul bo’lim 1.2. Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya tuwrali uliwma tu`sinikler, 1.2.U`ziliksiz biologiyaliq ta`limde ta`lim-ta`rbiya orni atamasinda 2 bapshadan ibarat bolip a’debiyatlardan sholiwlar magluwmatlar berilgen. Ekinshi bo`liminde metodika ha`m usillarg`a sıpatalmalar bergen. U`shinshi tiykarg`i bo`limde talaba mekteplerde biologiya pa`ni tarawlari ha`m ta`lim-ta`rbiyani qa`liplestiriwde o`zine ta`n o`zgeshelikleri, biologiyaliq sananin` ka`liplesiwinde psixologiyaliq o`zgeshelikleri sonday-aq biiologiyani oqitiwda interaktiv metodlardi qollaniw boyinsha usinislar haqqında ken` tu`sinikler berip pitkeriw qaniygelik jumısın qoyılg`an wazıypalarınan tiykarlanıp juwmaqlar ha`m usınıslar bergen.

Pitkeriw qa`niygelik jumis temasi u`zliksiz ta`lim ta`rbiya protsessindegi zamanogo`y mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari haqkında bolıp u`yreniwge za`ru`r ma`selege arnalg`an. Ha`zirgi waqıtta pa`nlerdi oqıtıw metodikası rawajlanıw basqıshında bolıp tan`lang`an tema og`ada a`hmiyetli esaplanadı.

Ulıwma aytqanda, pitkeriwshi talaba Aqsungu`l Kadirniyazovanın` «Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari» temasındag`ı pitkeriw qa`niygelik jumısı joqarı oqıw orınlarının` talaplarına tolıq juwap beredi, MAK da jaqlawg`a boladı ha`m ılayıqdı bahalanadı dep isenemen.

NMPİ Zoologiya

kafedrası p.i.k. dots. T.Saparov

A`jiniyaz atındag`ı No`kis Ma`mleketlik pedagogika institutı
Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti 4 kurs 5140400 Biologiya ta`lim bag`darı talabası Aqsungu`l Kadirniyazovanın` «Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari» temasındag`ı pitkeriw qa`niygelik jumısına

ANNOTATSIYA

**Jumistin' aktualligi.** Prezidentimiz İ.A.Karimovtın` 2008-jılı «Yuksak ma`naviyat engilmas kush» degen miynetinde jaslardı joqarı ruwxıylıqqa iye barkamal a`wlad etip ta`rbiyalaw jolları tuwralı bahalı pikirler keltirgen. Jaslardı joqarı ruwqıylıqta ta`rbiyalawda gennin` roli ha`m gennin` o`zgeriwine ta`sir etiwshi faktorlar, onın` zıyanlı ta`sirlerinen saqlanıw ilajları tuwralı jaslarda tu`sinikti, bilimdi qa`liplestiriw en` a`hmiyetli ma`selelerdin` biri bolıp esaplanadı.

A`sirese «Ta`lim haqqında» g`ı Nızam, du`n`ya juzi ta`jiriybesinde ta`n alınıp atırg`an Kadrlar tayalawdın` milliy da`stu`ri kabıl etilip, buga`n tiykarlanıp hazirgi zaman g`a say bu`gingi ku`ni «Bilim – barlıq o`mir dawamında ha`mme ushın» talaplarına juwap beretug`ın uziliksiz bilim beriw mexanizmi jolg`a qoyılg`an.

Hazirgi da`wirge shekem ta`lim tarawındag`ı alıng`an na`tiyjelerimiz du`n`yanın` ken` ja`ma`a`tshiligi ta`repinen ta`n alındı

Sonın` ushında bul ma`mleketimizde jas awladtı ha`r ta`repleme jetik ta`lim-ta`rbiyalaw ushın barlıq jetik ilimiy tiykarlang`an usıllardan paydalanıw olardı qollanıw barlıq sha`rt shararayatlar, qolaylıqlar jaratılıw og`ada a`hmiyetli ma`selelerden biri esaplanadı.

**Pitkeriw qaniygelik jumısının` maqseti:** Zamanago`y ta`lim ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyanı oqıtıwdın` jeke ha`m arnawlı metodikaların u`yreniw ha`m olardı orta arnawlı oqıw orınlarında qollana biliw.

Bul qoyılg`an maqsetten kelip shıg`ıp tomendegi wazıypalarıdı sheshiwdi lazım taptıq:

Zamanago`y ta`lim-ta`rbiya tuwralı ulıwma tu`sinikler;

U`ziliksiz biologiyalıq ta`limde ta`lim-ta`rbiya haqqında;

Biologiyalıq sananın` ka`liplesiwinde psixologiyalıq o`zgeshelikler;

Orta arnawlı mekteplerde biologiyanı oqıtıwdın` jeke ha`m arnawlı metodikaların qollana biliw;

Mekteplerde biologiyani oqitiwda interaktiv metodlardi qololaniw boyinsha usinislar beriwden ibarat.

**İzertlew predmeti ha`m ob`ekti**: İzertlew predmeti Qaraqalpaqstan Respublikası mektepleri biologiya sabaqlarinda bilimlendiriw ha'm ta'rbiya isler ha`m biologiyaliq sabaqlar Botanika, Zoologiya, adam ha'm onin' salamatligi pa'nlerinde jeke ha'm arnawli metodlari boyınsha sabaq o`tiwdi sho`lkemlestiriw.

**İzerlewdi alıp barıw usılları:** Tiykargi usillar «TARMAQLAR», «3x4», «BLİTs-OYIN» «İNTERV`Yu», «İERARXİYa» «BUMERANG» metodlari «TALABA» «OQITIWShI Shaxsı» treningler usili «O`Z – ARA BAYLANıS» «BASQARIW» «Tarmaqlar» metodi (Klaster) metodlarinan paydalanildi.

Bul metod qa`legen bir temani teren` u`yreniwden da`slep oqıwshılardin` pikirlew iskerliginin` jedellestirıw ha`mde ken`eytirıw ushın xizmet qiliwi mu`mkin. Sonday-aq, ıtilgen temani bekkemlew, yaxshi o`zlestirıw, ulıwmalastirıw ha`mde oqıwshılardi sol tema boyınsha ko`z aldina keltirıwlerın sizilma ta`rızinde ko`rsetiwge u`ndeydi.

**Bul jumıstın` baslı ilimiy jan`alıg`ı** tiykarınan zamanago`y ta`lim-ta`rbiya protsessinde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari qa`sipke baylanıslı qızıg`ıwshılıqtı payda etiwde, oqıtıwshılardın` pedagogikalıq xızmeti menen tikkeley baylanıslı. Sonin ushinda miynet ta`limi  turmıs menen baylanıstırp, biriktirip, sabaq individual – tipologik, jas da`u`ir qa`siyetleri, imkoniyatların esapqa alıw jaqsı na`tiyje beredi.

Avtor ta`repinen mag`lıwmatlari tiykarinda ta`lim-ta`rbiya protsessinde mekteplerde biologiyani oqitiwdin` jeke ha`m arnawli metodikalari boyinsh en’ qolayli usillar, pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw jas mektep oqıtıwshılarında biologiyaliq nizamliqlardi, ekologiyaliq sanasının` o`siwinde jan`asha oqıtıw usıllardan paydalang`an halda jandasıwdan ibarat.

**Jumıstın` a`meliy a`hmiyeti. T**a`lim-ta`rbiya alıwshılardı joqarı ruwxıylıq ha`m teoriyalıq pikirlewdi qa`liplestiriwge mu`mkinshilik beredi. Oqıw pa`n`leri boyınsha ma`mleketlik ta`lim standartları, oqıw da`stu`rleri sabaqlıqlar ha`m oqıw metodikalıq qollanbalardın` jan`a a`wladı jaratılıp ol o’z gezegimnde kadrlar tayarlaw da`stu`rinde oqıw protsessin joqarı pedagogikalıq texnologiyalar menen ta`miyinlew a’hmiyetli wazıypalardan biri etip belgiliydi

Ta`rbiyalawshı ha`m rawajlanlırıwshı ta`lim nızamlılıg`ı shaxstın` bilim alıw protsessi, bilim iskerlik usılların o`zlestiriwdi, onın` rawajlanıwına ha`m shaxsıy sıpatlarının` qa`liplesiwine tiykarlanadı.

Oqıtıwshı biologiyanı oqıtqanda ta`lim ta`rbiyanın` birligin ta`miyinleydi.

Ta`lim-ta`rbiya protsessinin` bilim alıwshılardın` iskerligi xarakterine baylanıslı nızam. Ta`lim-ta`rbiya protsessi sho`lkemlestiriw usılı ha`m alınatug`ın na`tiyje, pedagogikalıq basqarıw ha`m bilim alıwshılardın` iskerligin arttırıw ortasındag`ı tıg`ız baylanıstı sa`wlelendiredi.

Ta`lim ta`rbiya protsessine aldın`g`ı pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw usının` tiykarında zamanago`y oqıw-metodikalıq usılı mazmunların jaratıw ha`m oqıw-ta`rbiya protsessin didak tikalıq jaqtan ta`miyinlewdi oqıwshılardın` qa`biletlerin ha`m mu`mkinshiligine muwapıq tu`rde ta`limge gruppalastırılg`an qatnastı engiziw oqıwshılardı o`z oqıw-biliw iskerligin haqıyqıy sub`ektke aylandırıwdı ko`zde tutadı.

**Pitkeriw qa`niygelik jumısı** 59 betten ibarat, 9 keste ha`m 2 suwretten turadı.

Bul pitkerkeriw qaniygelik jumısı temasına baylanıslı 2 maqala baspadan shıg`arıldı.

4 kurs talabasi: A.Kadrniyazova

Ilimiy basshi: Q.Atanazarov